


## ЕУГУРАДӔМОН ФӔДЕСИ ДЗИЛЛӔ ЛӔГДЗИЙНАДӔЙ ӔСКЪУӔЛХУЙ!..

*1941 анзи 22 июнь... Аци бон нæ Райгурæн бæсти еугур дзиллитæн дæр æностæмæ иссæй тæккæ зæрдристдæр æма уæззаудæр хъонци бон... Цуппаринсæй анзей размæ еци бон сæумицъæхæй немуцаг фашистон æрдонгтæ гадзирахаттæй æрбампурстонцæ Советон Цæдесмæ... Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд... Цийфæнди зинтæ æма гъезæмæрттæн бафæразгæй си нæ адæм фæуузлахез æнцæ... Уой фæдбæл бæлвурд æрмæгутæ мухургонд цæудзæнæй нæ газети фæрстæбæл...*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№1 (782) 2021 анзи 19 январь – æнсури мæйæ



ЦÆГОЛТИ Василий (рахесæрдигæй) æма Ким.

# ЦÆГОЛТИ ЦИТГИН ÆНСУВÆРТÆ – ИРИСТОНИ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ!..

Цæголти Македони сахъ фурттæ Василий æма Ким... Баруагæс уи уæд, Иристони берæ муггæгтæ бабæлдзæнæнцæ, цæмæй се 'хсæн исæнтæса уæхæн æнсувæртæ, кæцитæ сæ разагъди лæгдзийнæдтæй фескъуæлхтæнцæ нæ Фидибæсти сæрбæлтау, нæ адæми нæргæ кадæ никки фæццитгиндæр кодтонцæ.

Цæголти æнсувæртæ дууемæй берæ хуæрзти бацудæнцæ нæ адæмæн дæр æма нæ Фидибæстæн дæр. Кæд си алкæмæн æ цардвæндаг еуцæйбæрцæдæр фæйнæхузи адтæй, уæддæр син си еумæйагæй дæр берæ ес. Тæккæ фиццагидæр уомæй, æма дууемæй дæр адтæнцæ Райгурæн бæсти гъæуайгæнгутæ. Василий арайдта Устур Фидибæстон тугъди, уой дæр уоййасæбæл бæгъатæрæй, æма хуарзæнхæгонд æрцудæй берæ паддзахадон хуæрзеугутæй. Куд журналист æма финсæг, уотæ æ исфæлдистади сæйрагдæр бунат ахæстонцæ тугъди рæстæг советон дзилли бæгъатæр тохи Фидибæстæбæл æновуд ун æма æ сæрбæлтау æновудæй архайунмæ цæттæдзийнади фарстатæ.

Мадта Ким, кæд æ цардвæндаги райдайæни аййевадон исфæлдистадæ равзурста, уæддæр æ карнæ ба уотæ рауадæй, æма иссæй æфсæддон архайæг, тугъдон гъуддæгути ци бæгъатæрдзийнадæ æма арæхстдзийнадæ бавзаридæ, уомæй дести æфтудта сауæнгæ знæгти дæр ма...

11

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

## АХСГИАГ ФАРСТА



## БИТАРТИ Вячеслав: «АДÆМИ ЦАРДИ УАВÆРТÆ ХУÆЗДÆР КÆНУН – НÆ ИХÆС!..»

Цæгат Иристони идарддæр дæр æнхæстгонд цæудзæнæнцæ, адæми царди уавæртæ хуæздæр æма æгустдзийнади къæпхæн ниллæгдæр кæнун сæ нисан кæмæн æй, уæхæн сæрмагонд уæлæнхасæн мадзæлттæ. Уонæй еу исуодзæнæй социалон бадзурди бундорбæл адæмæн паддзахадон агъаздзийнадæ дæттун. Куд нисангонд цæуй, уотемæй 2021 анзи уæхæн социалон бадзурд бафинсдзæнæнцæ 1045 адæймагей хæццæ.

Уой туххæй нæ республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министр Хубиати Барис фегъосун кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Битарти Вячеслави хæццæ фембæлди рæстæг.

Профилон министри дзубандимæ гæсгæ, социалон контракти бундорбæл адæмæн агъаз кæндзæнæнцæ кусти бунат байагоруни, амалгъомадон архайд райдайуни, хе минкъий хæдзарадæ даруни æма æндæр гъуддæгути.

– Аци фарстатæбæл косгæй, æнгом æмархайд кæнæн кустдæтгути хæццæ, загъта Хубиати Барис. – Зæгъæн, социалон бадзурдти фæлгæти ци æхцай фæрæзнитæ хайгонд цæуй, уони фæрци адæмæн агордзæнæнцæ нæуæг кусти бунæттæ, ахур сæ кæндзæнæнцæ æндæр дæсниæдтæбæл.

2

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

*Зундгонд куд æй, уотемæй 2021 анзи 1-30 апърели арæзт æрцæудзæнæй Уæрæсей цæрæг адæми кезуй исфинст. Еци ахсгиаг гъуддагмæ цæттæгæнæн куститæ Цæгат Иристони нерæнгæ æнхæстгонд цæунцæ сæрмагонд пъланмæ гæсгæ. Нисангонд мадзæлттæн сæ фулдæр хай æнхæстгонд цæудзæнæнцæ электрон хузи.*

РОХСАГ УО...

## ГУЛУТИ Темурхъани фурт Хизир



Æ цардæй рахецæн æй Устур Фидибæстон тугъди архайæг, нæ республики хестæр фæлтæри кадгиндæр æма курухондæр минæвæрттæй еу – Гулути Темурхъани фурт Хизир.

Е райгурдæй 1927 анзи, Чиколай. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд иннæ æригон фæсевæди хæццæ æмхузон æмпурста фронтмæ, знаги хæццæ тох кæнунмæ. Æма ин бантæстæй. 15-анздзуд биццеу фæллигъдæй фронтмæ, уоми иссæй 271 дивизий полкКи хъæболæ. Фиццаг тохи бацудæй Мæздæги бунмæ 1942 анзи.

Æ тугъдон над цудæй Дзæуæгигъæуæй Донецкмæ, архайдта Краснодари край æма Украинæ иссæребарæ кæнунбæл. Фал æ имисуйнæгти тæккæ ахсгиагдæр адтæй Кавказ знæгтæй иссæребарæ кæнунбæл тох. Гулути Хизир ци лæгдзийнадæ, бæгъатæрдзийнадæ æма æвзугъдзийнадæ равдиста, уони туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Стъалуй, Фидибæсти тугъди 1-аг æма 2-аг къæпхæни ордентæй, берæ майдантæй, уони хæццæ – «Севастополь иссæребарæ кæнунбæл 75 анзи» туххæй.

Тугъд ку фæцæй, уæд Гулути Хизир бавналдта Цæгат Иристони адæмон хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун кæнунмæ. Æ фæнзуйнаг, хебæл нæ ауæрдгæй фудæбони туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй хуæрзеугутæй, уони хæццæ – Цæгат Иристони Сæйраг Совети Президиуми æма ФЕЛКЦ-и Центрон Комитети Кади грамотитæ. Е адтæй цæхæрзæрди хецау, алкæддæр архайдта æхсæнадон ахсгиагдæр цаути, айдагъ е 'мбæлтти 'хсæн дæр нæ, фал Цæгат Иристони еугур цæргути 'хсæн дæр ин адтæй устур кадæ.

Берæ æнзти разамунд лæвардта ветеранти советæн, куста фæсевæди хæццæ, æхе еунæг гъуддагæй дæр некæд баримахста. Алкæддæр адтæй разæй, æ уарзон Фидибæсти еугур гъуддæгутæмæ дæр барæ ке дардта, уой туххæй Гулути Хизири исхуарзæнхæ кодтонцæ майдан «Иристони намус»-æй.

Нæ ветерантæ цардæй цæунцæ, фал нæ зæрдæбæл дардзинан сæ нæмттæ – Фидибæсти æцæг патриоттæ, лæгдзийнадæй æнхæст гъæуайгæнгутæ. Етæ Устур Уæлахезмæ бахастонцæ ахедгæ байвæрæн, сабурдзийнадæ æма амонд балæвар кодтонцæ иннæ фæлтæртæн. Мах сæ имисдзинан!

***БИТАРТИ Вячеслав, Алексей МАЧНЕВ, ТУСКЪАТИ Таймораз.***

## «АДÆМИ ЦАРДИ УАВÆРТÆ ХУÆЗДÆР КÆНУН – НÆ ИХÆС!..»

Битарти Вячеслав æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй республики разамунди размæ ци ахсгиаг социалон нисантæ лæууй, уонæй сæ агъазиаудæртæй еу æй мæгурдзийнади нихмæ тох.

– Еци нисанæн, зæгъæн, федералон бюджет Цæгат Иристонæн сæрмагонд субсидий хузи радех кодта 141,1 миллион соми, республикон бюджетæй ба ма сæмæ бафтаудзинан 10,6 миллион соми, – загъта республики Сæргълæууæг. – Профилон ведомствитæ еугур хъауритæй дæр гъæуама байархайуонцæ, цæмæй еци фæрæзнитæ хæдзаргинæй харзгонд æрцæуонцæ.

Зундгонд куд æй, уотемæй мæгурдзийнади хæццæ тохи фæлварæни фиццаг проект 2019 анзи æнхæст кæнун райдæдтонцæ Рахесфарси районн Раздзоги гъæуи. 2020 анзи феврали æ аллианзон Нистауæни Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг профилон ведомствитæн байхæс кодта, цæмæй программæ райдарддæр уа æндæр районтæбæл дæр.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ.***

# ÆНÆМÆНГÆ ИСАРАЗУЙНАГ ГЪУДДАГ БÆЛВУРД АРХАЙДÆЙ ÆНТÆСУЙ!..

ЦИ КЪУÆРЕ райевгъудæй, уоми ци берæ аллихузон цаутæ æрцудæй, ци гъæугæ гъуддæгутæ си исаразун бантæстæй, етæ баст æнцæ нæ республики цардиуаги æнæмæнгæ исаразуйнаг фарстати хæццæ. Сæ еугурей фæдбæл æнхæстæй радзоруни равгæ нин нæййес, уомæ гæсгæ ба си ракæндзинан, абони нæ еугуремæн дæр ахсгиаг ка æй, еци гъуддаг – адæми æнæнездзийнадæ гъæуай кæнуни хæццæ си баст ка æй, уони кой.

### «НÆ МЕДИЦИНОН КОСГУТИ УОДУÆЛДАЙ АРХАЙД ИРОНХ НÆЙ ÆМА НÆ УОДЗÆНÆЙ!..»

Зæрдибун дзубанди рауадæй Битарти Вячеславæн Цæгат Иристони медицинон æхсæнади минæвæртти хæццæ æрæги ци фембæлд адтæй, уоми. Нæ республики Сæргълæууæг хъæбæр зæрдиагæй райарфæ кодта адæми æнæнездзийнади сæрбæлтау си кадæриддæр хъиамæт кæнуй, уæлдайдæр ба абони хуæцгæ незæй тæссаргдзийнади фудæй уæззау санитарон-эпидемиологон уавæрти си уодуæлдай фæллойнæ кæнгæй æ профессионалон ихæстæ ка æнхæст кæнуй, уонæн.

Фембæлди ма архайдтонцæ Хецауади Сæрдар Тускъати Таймораз, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади Администраций разамонæг Челæхсати Рустем, æнæнездзийнади фарстати фæдбæл Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги унаффæгæнæг Тебиати Сослан, медицинон дзæбæхгæнæндæнтти разамонгутæ æма косгутæ.

Æмбурдмæ æрбацæуæг медицинон архайгути хæццæ дзубанди кæнгæй, Битарти Вячеслав фæббæрæг кодта, адæми æнæнездзийнади гъæуайкæнуйнади къабази косгутæ пандемий нихмæ тохи гъуддагмæ ци байвæрæн бахастонцæ, уой:

– Боз ан нæ дохтиртæй, медицинон хуæртæй, техникон æма лæггадгæнæг косгутæй – еугурæйдæр æмхузонæй



айтæ тæссаг нези нихмæ тохи раззагдæр бунати. Сæйгитæбæл ауодетæ, сæ тухст уавæрæй сæ фæййервæзун кæнунбæл уæ хъауритæ æма арæхстдзийнадæбæл нæ ауæрдетæ. Нæ медицинон косгути æууæндундзийнадæ, уодуæлдай архайд иронх некæд уодзæнæй, арфæ уин кæнæн уæ бæрнондзийнадæ, уæ ихæстæ куд æнхæст кæнетæ, уæ зæрдиаг архайд æма хуарздзийнади туххæй.

Фембæлди кæрони Битарти Вячеслав медицинон косгутæн равардта Арфи финстæгутæ.

### КОРОНАВИРУСИ НИХМÆ ПРИВИВКИТÆ КÆНУН РАЙДÆДТОНЦÆ

Нæ республики идарддæр æнхæстгонд цæунцæ санитарон-эпидемиологон уавæр фæрраæвдзæдæр æма адæми тæссаг хуæцгæ нези азарæй багъæуай кæнуни фæдбæл.

Республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг Томайти Тамарæ журналистæн радзурдта нуртæкки санитарон-эмидемиологон уавæрити туххæй. Æ радзубандий сæрмагондæй баханхæ кодта уой, æма æфтуйгæ незæй хе гъæуай кæнуни мадзæлттæ идарддæр дæр ке 'нцæ æнхæсткæнуйнаг. Гæнæн цæйбæрцæ ес, уойбæрцæ минкъийдæр цæун гъæуй, адæм берæгæйттæй кæми фембурд кæнунцæ, уæхæн рауæнттæмæ.

Уæлдайдæр сæхе гъæуама гъæуай кæнонцæ сæкæрнезæй, зæрдæ æма дадзинтти незтæ, уæдта æндæр незтæй сæйгитæ, нæуæг незæфтауæг сæбæл бацæфса, уомæй уонæн æй уæлдай тæссагдæр, незæй сæ исдзæбæх кæнун ба фæуæй дзæвгарæ зиндæр, – загъта министри хуæдæййевæг.

Идарддæр дзубанди цудæй вакцинацибæл. Коронавируси нихмæ прививкитæ нуртæккæ кæнунцæ Дзæуæгигъæуи 1-, 4- æма 7-аг поликлиникити.

– Республики районти цæргутæй вакцинаци искæнуни фæндæ кæмæ разинна, уомæн æ бон æй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Министрадæмæ телефонæй æрбадзорун, æма æ фæндæ баладæрун кæнун. Уæхæн адæймагæн министрадæ дæттуй сæрмагонд транспорт, цæмæй сæ горæттаг поликлиникитæмæ ласонцæ, уой туххæй, – загъта министри хуæдæййевæг.

### ЛÆВАР ХУАСТÆ – СÆЙГИТÆН

Инфаркт, инсульт, уæдта зæрдæ æма дадзинтти æндæр незтæй сæйгитæн гъæугæ хуастæ 2020-2023 æнзти лæвар дæттуни федералон проект Цæгат Иристони куд æнхæстгонд цæуй, уой туххæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæрттæн радзурдта нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради сæйраг æнæштатон кардиолог Туати Ирмæ.

Æ радзубандий е загъта:

– Инфаркт кенæ инсульт кæмæ рауадæй, аортокоронарон шунтировани, стентировани æма зæрди дадзинтти ангиопластикæ, зæгъæ, уæхæн операцитæ конд кæмæн æрцудæй (гъома, дзубанди цæуй æдеугурæй фондз незихатти туххæй), уонæн, сæйгæдонæй сæ рафинсуни фæсте анзи дæргъи ес лæвар хуастæй сæхе дзæбæх кæнуни барæ, цæмæй дуккаг хатт незæй гъигæдард мабал æрцæуонцæ. Æцæг, уæхæн сæйгæ гъæуама ма еса инвалиди пособи кенæ æндæр социалон агъаз. Дзубанди ци сæйгитæбæл цæуй, уонæн поликлиники дохтиртæн сæ бон рафинсун æй, программи ци 23 дзæбæхгæнæн хуаси амунд ес, уонæй ести.

Сæйгитæн лæвар хуастæ цæмæй уа, уобæл евгъуд анзи республики бюджет бахарз кодта 43 миллион соми, 2021 анзи ба бахарз кæндзæнæй никки фулдæр – 58 миллион соми.

Дзубанди ци сæйгитæбæл цæуй, уонæн лæвар дзæбæхгæнæн хуастæ цæмæй уа, уой туххæй сæйгæдонæй рацæуни фæсте етæ, æнæмæнгæ, гъæуама бацæуонцæ, сæ цæрæнбунатмæ гæсгæ ци поликлиникæмæ хаунцæ, уордæмæ, цæмæй сæ дохтир исæвæра хигъди æма син лæвар хуастæ финса.

Аци фарстай фæдбæл лæмбунæг игъосункæнуйнаг бакæсæн ес нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Министради сайти дæр.

**Уæрæсей Федераций адæмон артист, Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат нæ республики оперæ æма балети Национ паддзахадон театри солист Бæцæзати Ахмæдийи фурт Юрийбæл 18 январи исæнхæст æй цуппаринсæй анзи.**

*Мæнмæ гæсгæ, нури доги алли журналист дæр, кæд æхе æ профессионалон ихæстæ рæстуодæй æнхæстгæнæгбæл нимайуй, уæд гъæуама лæггадæ кæна æхсæнади хуарзæн, гъæуама уа фарнæхæссæг, рæстдзийнади сæрбæлтау æвæллайгæ тохгæнæг.*
*Надеждæ АЖГИХИНА, Уæрæсей журналистти Цæдеси секретарь.*





# ЖУРНАЛИСТТИ ФÆЛЛОЙНÆ АРФИАГ ÆЙ!..

КУД æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони дæр 13 январи бæрæггонд æрцудæй нæ фидибæстон цитгин бæрæгбæнттæй еу – мухури Бон. Уой фæдбæл нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав** аци къабази косгутæн зæрдиагæй райарфæ кæнгæй, баханхæ кодта:

– Республики мухури еугур косгутæн дæр арфæ кæнун, Цæгат Иристони аллибони царди фарстатæмæ зæрдиаг граждайнаг зæрдирахаст ке дарунцæ, уой туххæй. Уой фæрци æхсæнадæ æнтæстгиндæрæй косуй фæрнæй æнхæстдæр исонибони сæрбæлтау ахсгиагдæр фарстатæ лух кæнунбæл. Коронавируси пандемий рæстæг дæр журналисттæ архайунцæ бæрнон æма хъæппæресгинæй – уой туххæй дæр син арфæ кæнун.

## БÆРÆГБОН АРФИТÆ ÆМА ЛÆВÆРТТÆЙ ФЕДАУЙ

Æрæги 13 январи Дзæуæгигъæуи Национ музейи Битарти Вячеслав Кади гæгъæдитæй æма сæрмагонд премитæй исхуарзæнхгин кодта нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æнтæстгиндæр архайæг журналистти. Æ арфи радзубандий Битари-фурт загъта:

– Иристони журналистикæ гъæздуг æй кадгин нæмттæй. Æхцæуæн мин æй, абони дæр нæ республики цардгъон ке 'нцæ нæ аллихузон газеттæ æма журналтæ, иннæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ, ка си косуй, етæ æновудæй архайунцæ сæ размæвæрд ихæстæ æнтæстгинæй æнхæст кæнунбæл. Сæрустур ан, ке нæмæ ес патриоттæ æма искурдиадæгин фæсевæд, æма хуарз æй, нæ журналисттæ уони цард æма архайди хæццæ ке зонгæ кæнунцæ нæ дзилли.

Уотæ 'й мæнæ нури тæссаг санитарон-эпидемиологон уавæри рæстæги дæр. Æнæгъæнæ дуйнебæл ка бацæфстæй, еци нæуæг хуæцгæ незæй æнæгъигæдардæй нæ байзайдæй нæ республикæ дæр. Еци азари ка бахаудтæй, уонæй, гъулæггагæн, беретæ бастъалдæнцæ, сæ уæлзæнхон цардæй рахецæн æнцæ. Дзубанди дæр ибæл нæййес, хъæбæр уæззау уавæр исæвзурдæй, фал зæгъун гъæуй уой дæр, æма аци тæссаг рæстæги нæ нифс нæ расастæй, алцидæр арæзт цæуй, цæмæй адзалæй фæййервæзæн æма нæ цард æдасæй æ кеми бацæуа. Æма еци еугурадæмон архайди сумах, журналисттæ дæр, айтæ нези нихмæ тохгæнгути æмрæнгъæ, архайдтайтæ æма архайетæ абони дæр Иристони цæргутæмæ уавæри фæдбæл æнæмæнгæ зонуйнаг хабæрттæ афойнадæбæл хъæртун кæнунбæл.



Журналистти ахсгиаг фæллойнæн ба гъæуама кадæгонд цæуа. Æма уомæй нæ республики журналисттæ æнæргъудигонд нæ фæуунцæ.

Анзи дæргъи дзиллон хабархæссæг фæрæзнити берæ аллихузон æрмæгутæ мухургонд цудæй мæнæ ауæхæн ахсгиаг фарстати фæдбæл: «Кадæ æма намус»-и, «Цитгин Уæлахези зæрдæбæлдарæн бони», «Еудзийнадæ» æма «Федæн»-и, цæмæдессагдæр æрмæгутæ ка бацæттæ кодта, еци журналистти нæ республики Сæргълæууæг исхуарзæнхгин кодта Кади гæгъæдитæ æма премитæй.

Етæ 'нцæ: **Зухъуати Жаннæ, Скъиати Ларисæ, Баллати Ритæ, Махъоти Мæдинæ, Губурти Зæлинæ, Къæбулти Иринæ, Бæззати Алинæ, Рæмонти Зæлинæ, Цхурбати Миланæ, Наталия Фрейберг, Дзугати Нелли, Милдзихти Анжелæ, Рæмонти Тамерлан æма Къомайти Лидия.**

## БОНИ ФÆТКИ – ДЗИЛЛОН ИНФОРМАЦИЙ ФÆРÆЗНИТИ АРХАЙДИ ФАРСТАТÆ

Уæрæсейаг мухури Бони Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Битарти Вячеславæн** фембæлд адтæй нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути Комитети сæрдар **Фидарати Юрийи** хæццæ.

Сæ дзубандий рæстæг фиццагидæр каст æрцудæй аци ведомстви евгъуд анзи архайди бæрæггæнæнтæмæ, уæдта æрдзурдтонцæ Цæгат Иристони дзиллон информаций фæрæзнити къабази идарддæри райрæзти туххæй райаразуйнаг фарстатæбæл.

Цæгат Иристони разамонæг куд баханхæ кодта, уотемæй Фидарати Юрий дзæвгарæ рæстæг бакуста журналистики æма ин æ еци агъазиау фæлтæрддзийнадæ æ нури кусти хуарз агъазгæнæг фæрæзнæ æй. Битари-фурт Комитети сæрдарæн райарфæ кодта, мухур æма дзиллон коммуникацити къабази паддзахадон политики уагæвæрдтитæ царди раудзунбæл зæрдиагæй ке архайуй, уой туххæй.

Куст идарддæр гъæуама ци фарстатæбæл цæуа, уонæй еу æй журналистти кадртæ цæттæ кæнуни гъуддаг. Уобæл архайгæй ба сæрмагонд æргом æздахун гъæуй, нæ маддæлон æвзагбæл ка дзора æма финса, уæхæн арæхстгин специалистти цæттæ кæнун. Еци фарстабæл архайд цæуй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети. Фал æй гъæуй никкидæр фæййахедгæдæр кæнун.

Дзиллон информаций фæрæзнити идарддæри райрæзти туххæй æнæмæнгæ ци мадзæлттæ исаразун гъæуй, уонæбæл дзоргæй, Битари-фурт загъта уæхæн фæндон, цæмæй еугур еци мадзæлттæ хаст æрцæуонцæ сæрмагонд программæмæ.

Еци фæдзæхстмæ гæсгæ уой зæгъун гъæуй, æма 2020 анзи, декабри Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ирæзтади Агентади ци урух æмбурд адтæй, уоми æрдзурдтонцæ республики дзиллон информаций фæрæзнити райрæзти фæдбæл программи проектбæл.

Документи лæмбунæг хигъд æрцæудзæнæнцæ журналистти кадртæ цæттæ кæнуни, дзиллон информаций фæрæзнити редакцити техникон ефтонгдзийнадæ æма æндæр уæхæн фарстатæ.

Фембæлди кæронбæттæни Фидарати Юрий зæрдиаг арфæ ракодта республики Сæргълæууæгæн, къабази идарддæри райрæзтмæ æ цæстæ лæмбунæг ке даруй, уой туххæй.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ…



*Еу гъæуи еу зæронд лæг мæлуни къахбæл нillæудтæй. Е адтæй, нæуæг советон цардарæзт ку æрфедар æй, раст гъе уæд. Е 'мгарæ зæронд лæгтæ æ алливарс бадунцæ æма сæ дзубандитæ кæнунцæ.*

*– Мæлгæ уин кæнун, мæлгæ, мæ хæлæрттæ, – гъæрзгæй сæмæ дзоруй уæззау сæйгæ.*

*– Тухсгæ ма кæнæ, мах дæр дæ тагъд баййафдзинан, – зæрдитæ ин æвæрунцæ зæронд лæгтæ. – Ду тæходуйаг дæ, уоми мæрдтæн аци нæуæг царди хабæрттæ фиццагидæр ка ракæндзæнæй…*

*– Ракæндзæнæн, ай-гъайдæр, ракæндзæнæн, фал Гогоцци лæгъуз гъæуихецау иссæй, зæгъгæ, еци хабар ба син нæ ракæндзæнæн, уомæн æма си е нецихузи баруагæс уодзæнæй…*

Гъо, мæрдтибæсти уæвгутæ нæ баууæндтайуонцæ, Гогоцций хузæн лæгъузтæ гъæуихецæуттæй æвæрæн ес, зæгъгæ, хабарбæл. Фал мах ба, уæлзæнхон царди цæргути ба барæ-æнæбари дæр баууæндун кæнунцæ, уæхæн æдули уавæртæн уæн ке ес, уобæл. Хецаудзийнади бæрнон бунæтти æгæр ахиддæр ма исбадун кæнунцæ, Гогоцций хузæн нæбæзгити, æхе хуарзæн архайунæй ка нецæмæ фæййарæхсуй, уæхæнтти. Мæнæ нур хецаудзийнади бадгути бæрцæ рæхги, дан, фæмминкъийдæр кæндзæнæнцæ. Цума сæ цæмæ гæсгæ цубуртæ кæндзæнæнцæ – сæ арæхстдзийнадæ æви хеуондзийнадæмæ гæсгæ? Уогæ е ма исаразуйнаг æй, фал абони ба си ке уинæн, етæ цæхуæнттæ 'нцæ, уомæн æрхæсдзинан еуцалдæр дæнци:



**ОЛЬГÆ ЛЮБИМОВА, Уæрæсей Федераций культури министр: «Ес дзиллон кæсуйнаг кино, кæцими ес романтикон комедитæ, æма е раст æй. Шекспир финста комедитæ, Пушкин берæ финста комедитæ…»**

– Ехх, Александр Сергеевич, нæ литературæн берæ хуæрзти бæргæ бацудтæ, фал Уæрæсей культури нури министрадæ ба куд фæффудæнгъæл кодтай – дæ «Минкъий трагедити» хæццæ ма уæддæр еу комеди ку ниффинстайсæ, уæд, ка 'й зонуй, нæ культурон министр æхе нæ фæккойаг кодтайдæ, классикти исфæлдистадæ цæйбæрцæбæл «арф зонуй» уомæй.



**АНАТОЛИЙ ЧУБАЙС, корпораци Роснаной разамонæг ма уогæй кæддæр уотæ загъта: «Фæлхасгæнæг æй нæма зонуй, цæййасæбæл амонд имæ æнгъæлмæ кæсуй (фидибæстон нанотехнологити ескæди уæлахездзийнæдти туххæй) æма 'й уобæл гъæуама бауæндун кæнæн…»**

– Фæливд Чубайс нин ци хузи «амæндтæй» ба зæрдитæ не 'вардта, фал… Фал кæд еске фæййамондгун кодта, уæд айдагъдæр æхе æма е 'мдзæхдонти… Уогæ мах дæр еу амондæй фæххайгин ан, зæгъгæ, бæргæ бангъалдтан, Роснаной разамонæги бунатæй ку фелвастонцæ, уæд. Фал нæ цийнæ фæггуз æй – уайтæккæ 'й райвардтонцæ Президенти сæрмагонд минæварæй – æнæфæккеугæ райрæзти фарстатæбæл дзуапдæттæгæй. Тæрсæн, ихалунæй æндæр ка нецæмæ арæхсуй, еци Чубайси фудæй нæ райрæзт æцæг киудтæй – киуддæр ку фæууа…



**АЛЕКСАНДР НОВАК, Уæрæсей Федераций энергетики министр – Уæрæсемæ лæвар бензин ласунбæл тобæгонди туххæй: «Еци мадзал уомæ гæсгæ исаразтан, цæмæй багъæуай кæнæн нæхе нефтигустгæнæг къабазæ».**

– Уотæ æнгъæлетæ, æма министр æцæгæйдæр нæ фидибæстон нефтигустгæнæг къабазæбæл тухсуй? Кунæг!.. Уомæн æ тухст æй, еци къабази кустуæттæ ке есбонади æнцæ, уони æфтуйæгтæ ма фæмминкъийдæр уонцæ. Æндæр ба е куд æй: нефти аргъ ку фæббæрзонддæр уй, уæд æнæгъæнæ дуйней дæр бензини аргъ фæббæрзонддæр уй, фал нефт фæййасландæр æй, зæгъгæ, уæд æнæгъæнæй дуйней еци æргътæ фæмминкъийдæр унцæ, Уæрæсейæй уæлдай – махмæ ба айдагъ еци бæрзонддæрæй нæ байзайунцæ, фал ма сæбæл никкидæр бафтуйуй.

**Цæгат Иристони æма Хонсар Иристони æскъуæлхт журналист Тæболти Иринæ Алексейи кизгæн зæрдиагæй арфæ кæнæн æ юбилейи фæдбæл (æ райгурæн бон æй 16 январи).**

*Æнæнцойнæ адтæй Цæголти Василийæн æ зæрдиуагæ. Дæс æма дууинсæй анзи ’й зудтон, æма æ искурдиадæ, æ царди нисан, æ исфæлдистади бæрзонд ихæстæбæл гадзирахаттæй некæд рацудæй, уомæн æма син ес федар бундор, арф уедæгтæ, хæйгин адтæй æ бийнонти фарнæй.*
***МÆРЗОЙТИ Сергей, Цæгат Иристони адæмон финсæг.***



***ЦÆГОЛТИ Василий алæмæти харакет адæймаг адтæй. Рæстуодæй арæхстæй адæми хæццæ рахастдзийнæдтæ аразунмæ: хестæрти хæццæ рæсугъдæй æвдиста æмгарæдзийнадæ, кæстæртæн, уæлдайдæр ба си исфæлдистадон куст ка кодта, уонæн ба адтæй цæстуарзон хуæрзауодæг. Зæгъун æнгъезуй, фæлтæрти ’хсæн адтæй зæрдхæлареугæнæг минæвар. Æма си кæстæртæ дæр боз куд нæ адтайуонцæ, æ фæдзæхстон дзурд син исуидæ нифсдæттæг æма разæнгардгæнæг. Уомæн бæлвурд æвдесæн – Василийи туххæй æ кæстæр æрдхуард, зундгонд журналист æма финсæг ÆГЪУЗАРТИ Саукуй (1943-2013) кæддæр ке бацæттæ кодта, æма ин абони ке мухур кæнæн, еци имисуйнæгтæй дæр.***



# Æ РОХС УОДИ ФАРНÆ НÆ ЕВГЪУЙУЙ...

АЛЦÆМÆЙДÆР фулдæр уарзта цард. А дуйнемæ кастæй рохс цæстæй, идзаг зæрдæй, медбилти ходгæй. Е ’нкъарди дæр арæхстæй адæймаги байгъæлдзæг кæнун, ести ходæг радзорун æма ин æ дзубандимæ æнæ байдзулгæ нæ фæцайсæ. Некæд си фегъустайсæ, ести ми ресуй, кенæ ба нæфæразгæ дæн, зæгъгæ. Æ хуæздæр арфæ уидæ: «Игъæлдзæг, æнæмаст бонтæ дæбæл кæнæд!..»

Æз æй рагæй зудтон – уогæ ’й Иристони ка ба нæ зудта, игъустгонд журналист æма финсæг Цæголти Василийи. Фал лæгæй-лæгмæ ба æ хæццæ зонгæ нæ адтæн. Уогæ мин Хуцау еци хуарз ракодта – æма еу ку адтæй, уæд базонгæ ан. Нæ фиццаг фембæлди мæ устур деси бафтудта, цума мæ цæрæнбонти дæр зудта, уотæ равдиста æхе. Ходгæ цæститæй мин мæ усхъæ æрхуаста æма уотæ:

– Æз Цæголти Василий дæн, Македони фурт Василий. Дæ кой мин Цæгæрати Максим кодта, исуйнаг æй, зæрдæ дарæн ибæл ес, зæгъгæ. Дæ очерктæй дæр дин цидæртæ бакастæн. Дæ маддæлон æвзагбæл ке финсис, уомæй хъæбæр раст дæ…

Уотæ зæгъгæй, куддæр нийнæфтæй æма ма æ дзубандибæл бафтудта:

– Æз ба уруссагау финсун…

Раздæр ин ку зæгъун, æ кой куд нæ игъустон, куд ин нæ кастæн æ фиццаг игъæлдзæг радзурдти æмбурдгонд «Мæ лимæн Бибо»-й дæр.

Киунугæ адæми зæрдæмæ фæццудæй. Еуемæй уомæ гæсгæ, æма си ци уадзимистæ «бамбурд» æй, етæ дессаги зæрдæмæдзæугæ финст адтæнцæ, иннемæй ба Бибо айдагъ киунуги автори лимæн нæ адтæй, фал рагæйдæр иссæй адæмæн сæ хуарз зонгæ. Цæветтонгæ, æ рæстæги, Василий газет «Социалистон Иристон»-и ку куста, уæд фæндон бахаста, цæмæй газетæн исуа æхе, адæми зæрдитæмæ ке циргъзунд дзурд цæуа, уæхæн сатирикон хъайтар «Бибо». Василийи фæндонбæл куд нæ исарази адтайуонцæ, æма тагъд рæстæги газети фæрстæбæл «исдзурдта» уæхæн хъайтар, Цæголи-фурт ин æхуæдæг æргъуди кодта ном дæр – Бибо. Редакций хузæгæнæг Анатолий Петров Василийи хузæ дæр ма искодта.

Бибо æнауæрдонæй тох кодта, уæди рæстæгути адæмæн сæ цард ка къулумпи кæнуй, уæхæн нæгъæугæдзийнæдти æма нæхъæртондзийнæдти, æгъдауихалгути, расуггæнгути, лæвархуарти æма æндæр æведауцæ миутæмæ тулаваст адæймæгути нихмæ. Газеткæсгутæ æ фæззиндмæ æнгъæлмæ кастæнцæ, Бибой хузи хæццæ æрмæгутæ ци номери фæззинниуонцæ, уой зудæй кастæнцæ, кæрæдземæ хуæрзæнгорæггаг фæууиуонцæ, цъухæй-цъухмæ 'й дзурдтонцæ, Бибо ци хабæртти туххæй ниффинсидæ, уони.

Газет «Рæстдзинад»-и редакций косун ку райдæдтон, уæд еу бон цуппæрæймаг уæладзуги (Дзæуæгигъæуи мухури нуриккон Хæдзарæ арæзт ку нæма æрцудæй, уæд республикон газеттæ æма журналтæ адтæнцæ Ленини фæзи рæбун цуппаруæладзугон хæдзари, «Социалистон Иристон» æма «Рæстдзинад»-и редакцитæ цуппæрæймаг уæладзуги, уотемæй – **Ред.**). Къæридори лæууæн цалдæремæй æма цæбæлдæр æхсицгæ дзубанди кодтан. Уалинмæ кæсæн æма къæпхæнтæбæл еу лæг исхезуй. Ке хæццæ лæудтæн, етæ сæ дзурд æрдæгбæл фæууагътонцæ æма си кадæр уотæ бакодта:

– Еуварс ралæууетæ, дæлæ Бибо иссæуй!..

Е адтæй Цæголти Василий. Æ цæсгон нийдзулдæй, уотемæй нин салам равардта, æ кæсæнцæстити буни æ устур цæститæ ферттивтонцæ æма зæгъуй:

– Сумах æмдзæвгитæ финсетæ æма уæмæ хицæй мæлгæ кæнун. Æз ба прози хæццæ архайун æма уой ба кæмæн бакæсдзæнæ, ка дæмæ фæггæдзæ кæндзæнæй уойбæрцæ? Фал æз дæр тугъди ку адтæн, уæд ниффинстон еу æмдзæвгæ дигоронау. Бакæсон уин æй?

– Бакæсæ, бакæсæ! – исдзурдтонцæ кадæртæ.

Василий поэти лæуд æркодта, æ къох уæлдæфи рателидæ, уотемæй артисти хузæн дзорун райдæдта:

– Тог калдæй дууердæмæ,

Еуæрдæмæ, уæдта иннердæмæ…

Мах нийгъустан æма Цæголи-фурт ку нецибал дзурдта, уæд æй кадæр басхуста:

– Идарддæр дзорæ!

– Уобæл фæцæй æмдзæвгæ. Хуарз нæ бавдистон тугъди будур? Гъома, тог дууердæмæ куд калдæй, уомæй ба еуæрдæмæ, уæдта иннердæмæ, уой? – бафарста нæ Василий еци æцæгхузæй…

Махæй неке неци дзоруй – уогæ ци загътайанæ. Фал уалдæнгæ е æхуæдæг æ медбилтихудт нæбал бауорæдта, æ къохтæ кæрæдзебæл æрцавта æма æ зæлланг худт къæридори райзæлдæй. Иннетæ дæр æй бафæнзтонцæ æма цийни усми ранигъулдан еугурæйдæр.

Республики уæди дууæ сæйраг газети «Рæстдзинад»-æн дæр æма «Социалистон Иристон» -æн дæр сæ редакцитæ еу рауæн адтæнцæ æма барæ-æнæбари дæр ахид æмбалдан кæрæдзей хæццæ. Цæголти Василий адтæй æмбалуарзагæ, кæстæрбæл ауодагæ, игъæлдзæг æма æргомдзурд. Æ табедзæ алкæмæ дæр хъæрдтæй. Фæстæдæр æ романтæ еу инней фæдбæл хецæн киунугутæй ку фæззиндтæнцæ, æ ном бустæги ку райгъустæй, уæддæр Цæголти Василий уæлдай нæ фæцæй, æ сæр нæ разилдæй æ литературон æнтæстдзийнæдтæй, фал еци игъæлдзæг зæрдæй кастæй дуйнемæ, æхсæнадæмæ, адæммæ. Абони зин зæгъæн æй, ка ин лæвардта уойбæрцæ тухæ, уойбæрцæ æнæмаст цард, е. Незæй æнæнез нæ адтæй, ахид сæйгитæ кæнидæ, берæ гъуддæгути сагъæссæйдзаг, мæти буни уидæ, фал уæддæр æндæмæ ба æвдиста айдагъдæр игъæлдзæг зæрдихатт, æ идзулд цæститæ, æ ходгæ цæсгон.

Нæ еу фембæлди Василийæн рапæлдтæн æ фурт Олеги финстæй:

– Газети ин æ очерк «Зæнхæ» бакастæн æма мæ деси бафтудта æ философон гъуди, æ къохдзæф…

– Уотæ æнгъæлис æма ин æз фæййагъаз кодтон? Æгириддæр нæ!.. Олегмæ ес ацъагъуæ, ес ин æхе æрмдзæф, фал е дæр мæнау уруссагау ке финсуй, е мин зингомау æй. Маддæлон æвзагæн си æмбал нæййес, мах ба си дууемæй дæр нæхе æнæ хай фæккодтан...

Æ гузавæ мæмæ багъардта, мæ хæццæ дигоронау ке дзоридæ, уомæй дæр æ зæрдæбæл цидæр æнцондзийнадæ ке ’мбалдæй, уой лæдæрдтæн.

Æнæуой ба хумæтæги сæрбæрзонд нæ адтæй Уруймæгти Езетхани «Навстречу жизни»-æй, Гатути Дзахой «Зелимхан»-æй, Мугути Хаджиморати «К берегам Тигра»-æй.

Фиццагидæр, æвæдзи, уомæ гæсгæ, æма дигорон уогæй, етæ сæ уадзимистæ уруссаг æвзагбæл финсгæй зингæ фæгъгъæздугдæр кодтонцæ ирон æма уæрæсейаг литературæ, иссæнцæ æцæг классиктæ. Æз ба ма мæхецæй бафтауинæ: Цæголти Василийи уадзимистæ дæр – уой романтæ «Послы гор», «За Дунаем», «И мертвые вставали» æма æ иннæ уадзимистæ дæр ахсгиаг бунат байахæстонцæ айдагъ мах нæ, фал æнæгъæнæ советон литератури дæр. Уогæ нуртæкки рæстæгути советон литератури кой некебал кæнуй, фал æндæр хузи куд гъæуама зæгъæн, кæд æма Василий æхуæдæг сæрустур кæмæй адтæй, етæ, уæдта æхуæдæг дæр æ исфæлдистадон хъиамæт еци, советон доги адтæй!.. Уæдта, нури, уæрæсейаг литературæ ке хонæн, е дæр уони уадзимисти хъæбæр исфедауидæ, уомæн æма æцæг литературæн æ ахедундзийнадæ цийфæнди æмæнтъери æма ихæлддзаг рæстæгути дæр цæруй æма цæрдзæнæй!..

… Нур ба ма еу хабар мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй. Уæд Цæгат Иристони паддзахадон телеуинунадæ æма радиой сæрдари хуæдæййевæгæй кустон, бадгæ ба кодтон Максим Горькийи номбæл гъæунги радиой Хæдзари. Æма мæмæ еу сæумæ дуар кадæр æрбахуаста.

– Медæмæ, – загътон. Уинун æма æрбакастæй Цæголти Василий. Рагæй æй нæбал фæууидтон æма кæрæдзебæл ницциййнæ ан. Уæззау операци ин искодтонцæ Мæскуй, уой зудтон æма ’й бафарстон:

– Де ’нæнездзийнадæ куд æй?

Мæ фарстæн мин ходгæй дзуапп равардта:

– Лæгъуз ку уайдæ, уæд дæумæ æрбацудайнæ, кенæ ба нæуæг роман финсинæ?..

Æ пъартфел байгон кодта, машинкæбæл мухургондæй къохфинст исиста æма уотæ:

– Дæуæн кæсунмæ ’й æрбахастон, фал дин æ кæсуни размæ ба еу ходæг хабар радзорунмæ гъавун. Нæ ’й радзоринæ, фал де ’рвади туххæй ке æй, уомæ гæсгæ ба дин æй гъæуама æз радзорон...

Цæветтонгæ, еу рæстæги Василий куста нæхемæ партий обкоми. Фæлладуадзæн бæнтти обкоми азгъунсти бæрнон косгутæ кезугай радгæстæ уиуонцæ. Æма Василий Хъæбæлоти Билари косæнуати радгæсæй ку байзадæй, уæд æ зæрди æрæфтудæй радио æма телеуинунади Комитети уæди сæрдар Æгъузарти Æхсарбеги рамæстæй марун. Билари гъæлæсиуагæй Комитетмæ бадзурдта, тагъд мæ къæбинетмæ фæззиннæ, зæгъгæ… Цалдæр минуттей фæсте Æхсарбег обкоми æрбалæудтæй æма дуар æрбахуайуни фæсте, гъавгæ æрбахизтæй уатмæ.

Василий ба бадуй Билари къæлæтгини, арф ниллæстæй, газетæй æ цæсгон ниййауон кодта, æхе кæсæг искодта. Æхсарбег, ка ‘й зонуй, дессаг дæр имæ куд нæ фæккастайдæ, гъома, байагурдта мæ, уотемæй ба мæмæ кæсгæ дæр ку нæ кæнуй, зæгъгæ.

Салам равардта, фал имæ къæлæтгини бадæг е ’ргом нæ раздахта... Исхуфтæй, æ еу къах инней раййивта… Уæдмæ ба Василий газетæй æхе ратудта, æ сæр разиндтæй æма бафарста:

– Ци дæ гъæуй, Æхсарбег Татарканович?

Æхсарбег гъуддаг уайтæккæдæр балæдæрдтæй, æ фæлорс цæсгонбæл сурхитæ фæззиндтæй, æ амонæн æнгулдзитæй еци мæстгунæй бавзиста:

– Македони фурт, дæ гириз кæд ниууадздзæнæ?.. Æви дин обком гъазуйнаг фæцæй?.. Гъазун гъазун æй, фал сæри цæф ба гъазун нæбал æй æма дин уой базонун афонæ нæма æй?.. Тоги æртæх ми ку нæбал байзадæй…

Фæстагмæ дууемæй дæр ходунмæ фæцæнцæ.

Еци хабар цалинмæ кодта, уæдмæ дæр мæ уатмæ еу кенæ иннæ гъуддаги фæдбæл æрбакæсиуонцæ радиой косгутæ æма Василий æ дзубандийæй фенцайидæ. Æ къохфинст кæсун ку райдæдта, уæдта бустæги исахид æнцæ æрбацæуугутæ æма уæд Цæголи-фурт загъта:

– Радиой Хæдзарæ нæ, фал а Смольный ку æй, æз ба ’й ку нæ зудтон. Цæй, æндæр хатт дин æй бакæсдзæнæн.

Фестадæй, æ гъар къох мæмæ æрбалæвардта, æ медбилти бахудтæй æма уоййадæбæл мæ уатæй рандæй.

Уой фæсте æй некæдбал фæууидтон. Цæргæ дæр берæ нæбал фæккодта. Æнæкæрон берæ ци цард уарзта, е ин хуæрзбон загъта, æ содзгæ уарзæгой зæрдæ ин не ’хсæнæй истудта æма ’й сау дуйнемæ æ хæццæ фæхходаста.

**РЕДАКЦИЙÆЙ**: *Æ имисуйнæгтæн Æгъузарти Саукуй уотæ фæккæрон кодта: «Æ рохс уоди фарнæ уæлæбæл дуйней ниууагъта, æ уадзимистæ ба ин уодæгас, æностæмæ федауцæ циртдзæвæнæй лæууунцæ адæми зæрдити…»*

*Гъулæггагæн, Æгъузарти Саукуй дæр абони не ’хсæн нæбал æй, цалдæр анзей размæ уой дæр адзал æ уарзон дзиллити æхсæнæй истудта æма ’й барвиста е 'цæг дуйнемæ… Ка ’й зонуй, нур уоми æ хестæр лимæн Цæголти Василийи хæццæ хебæрагæй кæнунцæ, уæлæбæл син ци зæгъуйнæгтæбæл фæдздзорун нæ бантæстæй, уони. Сæ уарзæгой рохс уодтæй еци дуйней талингитæ дæр ниррохс унцæ…*

*Æнæмæнгæ уотæ ке æй, е ба ни федарæй æруагæс кæнуй, уомæн æма сæ дууæ дæр адæми дæр æма цард дæр зæрдæрохсæй уарзгæй, фæццардæнцæ æма кæдзосзæрдæй банæхстæр æнцæ се ’носон дуйнемæ.*

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Хъозонти Давиди фурт Сардиони райгурдбæл 14 январи исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1911-1994).**



*«Род приходит и род уходит, а земля пребывает во веки. Восходит солнце, и заходит солнце, и спешит к месту своему, где оно восходит. Все реки текут в море, но море не переполняется к тому месту, откуда реки текут, они возвращаются, чтобы опять течь. Что было, то и будет, и что делалось, то и будет делаться, и нет ничего нового под солнцем. Нет памяти о прежнем, да и о том, что будет, не останется в памяти у тех, которые будут после...»*

*Так сказано в Екклесиасте (гл.1 ст.4-11). И коли так, то многократной благодарностью должно воздаться тем потомкам, которые воздают должное памяти предков, бесценными дарами передают из поколения в поколение наследие своих старших – их истины и праведные деяния, добром и мудростью плодоносящих даже и после их смерти...*

*Сказанное мы вполне относим и к Олегу ЦАГОЛОВУ, сыну Василия Македоновича. Это его стараниями многое делается для увековечения памяти своего отца – переизданы некоторые из особо значимых его произведений, на доме во Владикавказе, где он жил в последние годы своей земной жизни (ул. Куйбышева, 11), установлена мемориальная доска. А сегодня предлагаем вашему вниманию одну из статей Олега Цаголова о своем отце.*



**Мемориальная доска увековечившая память о В.М. Цаголове в 2020 году была установлена во Владикавказе на фасаде дома, где писатель жил в последние годы. На снимке: на церемонии открытия мемориальной доски, впереди стоят (слева направо) сын писателя Олег ЦАГОЛОВ, председатель Комитета по делам печати и массовых коммуникаций Юрий ФИДАРОВ, главный редактор журнала «Ираф» Эльбрус СКОДТАЕВ.**

# ЗАТЯЖНОЙ ПРЫЖОК ДЛИНОЮ В ЖИЗНЬ

КАК НИ странно, но до последнего времени я вообще не читал произведений своего отца. Наверное, потому, что я всегда был его первым слушателем и постоянным свидетелем его многотрудных творческих исканий, поскольку мы всегда жили под одной крышей. Это, конечно же, не то, как если бы эти «тонны словесной руды» приходилось перелопачивать мне самому, но отвозить «вагонетки» шлака в отвалы все же изредка доводилось. Поэтому избыточность непосредственных впечатлений мешала порой беспристрастности оценок результатов его труда.

Если говорить о Василии Цаголове – человеке, то можно позволить себе самые утонченные эпитеты, не боясь оскорбить чей-либо слух. Отец всю свою жизнь был любимцем несчетного числа людей, каждый из которых находил в нем привлекательную для себя грань характера. И этот ореол всеобщего обожания частью распространялся и на его домочадцев. Так что я рано осознал его уникальную неповторимость. А с его уходом – его полную незаменимость.

Как отец, как друг, как гражданин, наконец, он был штучным товаром Божьего промысла. Воспоминания его друзей всех возрастов только убеждают меня в этом. Боюсь ошибиться с датами, с которыми не дружу с детства, но пусть тут меня поправят исследователи его творчества, защитившие на его книгах две или три диссертации.

Так вот. По-моему, все началось с газетного рассказа «Эй, на кране!» Это было в начале 60-х. Потом появился сборник «Мой друг Бибо», тоже составленный из газетных публикаций. Дебют был успешным, и это событие выделило его среди прочей журналистской братии, разбередило в нем вкус к малознакомой, но такой притягательной деятельности. И уже тогда, думаю, появление писателя стало просто неизбежным. Однако, если бы не его супруга и самый взыскательный в будущем рецензент всех его произведений Замира Николаевна Суменова, мы, может быть, никогда и не узнали бы писателя Василия Цаголова – романиста. Она пришла в нашу дружную семью с маленькой Тамарой, когда мне было уже тринадцать лет.

Случайность, как, наверное, неосознанная необходимость, свела их как-то на проспекте Мира с историком Максом Блиевым, тогда еще молодым, но таким же задиристым, каким мы его знали и на склоне лет. Он раскопал в архивах материалы об осетинском посольстве в Санкт-Петербурге – это XVIII век, с которого, собственно, и началась история вхождения Осетии в состав России. Макс Максимович и натолкнул отца на мысль написать об этом эпохальном для осетин событии.

Чтобы тут же воспламениться, загореться идеей, отцу, как той спичке, коробок не был нужен – и это вечно молодое качество он сохранил до самой старости. Правда, так же быстро он зачастую и перегорал. На сей раз его всецело увлекла идея книги. Но это был огромный исторический и литературный груз! И всякий раз, когда он уже готов был отступить перед массивным пластом материала, который открывался с каждой новой поездкой в библиотеки и хранилища Москвы и Ленинграда и который надо было в кратчайшие сроки освоить, пока он не перерос в «девятый вал», свое дружеское плечо ему всегда подставляла хрупкая физически, но несгибаемая духом Замира Николаевна.

Родился пухлый роман «Послы гор» в 1965 году, всего лишь через три года после выхода тонюсенького сборника его рассказов. Это, как если бы в спорте «мухач» разом шагнул в тяжеловесы. Очень скоро критики в Осетии и Москве стали прочить ему литературное будущее. Он же в ответ только улыбался и подтрунивал над своими коллегами по цеху: «Если уж я писатель, то кто же тогда вы?» Мой дядя, брат отца Ким Цаголов, известный генерал, как-то раз в разговоре со мной так оценил его творчество: «Вася – что тот цветок, который, распустившись полностью, еще и вывернулся наизнанку».

В чем-то он прав, поскольку, как ни странно, отцу не хватало в творчестве глубинных знаний русского языка. И это несмотря на то, что русский был его первым языком, и русскоговорящая среда окружала его всю жизнь. Начиная с фронта и его первой жены Евгении Мальцевой, которую он привез с маленькой дочерью из Подмосковья в высокогорный осетинский Махческ. Просто это была не совсем та языковая среда, с которой повезло, скажем, Шолохову или Шукшину. Газета тоже, конечно же, хорошая школа для литератора, но лучше в ней не задерживаться надолго.

Отец задержался, потому что мы, сколько я себя помню, всегда нуждались, а его зарплата была единственным источником дохода в семье. Для полноценного занятия писательским ремеслом хорошо бы иметь подспорье в виде тургеневского или толстовского поместий с гарантированным доходом. Но в России литературным трудом еще никто не обогатился. И даже с признанием его литературного дара к отцу не пришел материальный достаток, и последующие свои произведения он продолжал писать, сидя либо полулежа на видавшем виды диван-кровати, доставшемся ему в наследство от Ларисы Храповой, автора романа «Терек – река буйная».

И он бы не осилил две задачи сразу – писательство и обязанность кормить семью из пяти ртов, не окажись на первых порах в его писательской жизни Дагка Васильевича Зангиева – опытного издателя и чуткого старшего товарища. Он поверил в молодого писателя и регулярно подписывал с ним договоры на немыслимые по сегодняшним представлениям тиражи – до ста тысяч экземпляров!

У букинистов, как ни странно, при таких тиражах произведений писателя Цаголова почти не бывало, и в последние годы жизни отцу нравилось давать в газетах объявления о покупке собственных книг, которые служили ему сырьем для дальнейшей переработки и переиздания. Конечно же, чаще ему не продавали, а дарили их.

Доброта и честность по отношению к окружающим были его нравственным гербом на щите, вначале журналистики, а затем и писательства. В особенности же – почти болезненное восприятие чужих острых нужд и горя. Он умел слушать и, ничего не обещая, как многие из нас любят это делать, – помогать. А еще он был неистовым бойцом за справедливость. Героями его фельетонов в рубрике «Бибо» газеты «Социалистическая Осетия» становились не только хапуги и хамы, но и нечисть рангом куда как повыше: «оборотни» в погонах и чиновники с регалиями. А рисованный образ газетного Бибо стараниями художника Анатолия Петрова, последнего прямого потомка Коста Хетагурова, поразительно походил на самого Василия Цаголова.

Двери в нашей полутемной полуторке неказистого, хотя некогда и купеческого особняка по улице Гибизова,19 никогда не закрывались под натиском просителей и жалобщиков. К такому образу жизни и отношению к избранной профессии отец приучал и меня. Как-то в начале 50-х мы поселились в Малгобеке, куда отца вторично послал райком партии. Первая его командировка в Аланский район окончилась моим рождением в селении Аланское.

Как-то раз в дверь нашей крохотной коммуналки в Нижнем Малгобеке постучалась нищенка с сыном лет пяти или шести. Попросила что-нибудь из старой одежды, чего не жалко. Отец взглянул на ноги хлопца в хлюпающем рванье, потом выразительно посмотрел мне в глаза. А как раз накануне он купил мне новенькие ботинки, которые я берег от грязи и ходил в старых с галошами. Все поняв и еле сдерживая слезы, принес ботинки, молча протянул ошарашенному хлопцу и бросился на кухню дать волю слезам. Доброта к окружающим в послевоенное время была чем-то само собой разумеющимся. Завидовать было попросту некому и нечему. А завистливые, они злые…

Отец не любил вспоминать о войне, а если и делал это, то только чтобы рассказать о каких-нибудь курьезах.

8

**Всемирный день религии отмечается 17 января – с целью демонстрации того, что религия – это, прежде всего, сила для объединения людей во имя мира, а не раздора.**

### ЯНВАРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

### ФЕВРАЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |

### МАРТ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

### АПРЕЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

### МАЙ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

### ИЮНЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

# Ирон къæлиндар

### ТЪÆНДЖЫ МÆЙ (ЯНВАРЬ)

Ног азы бæрæгбон – 1 бон – майрæмбоны
Цыппурс – 7 бон – цыппæрæмы
Ног мæрдтæн æртгæнæнтæ – 9 бон – сабаты райсомæй
Бынаты хицауы æхсæв – 12 бон – дыццæджы изæрæй
Ногбоны æхсæв – 13-14 бонты – æртыццæджы изæрæй
Бадæнтæ – 17 бон – хуыцаубоны изæрæй
Доныскъæфæнтæ – 19 бон – дыццæджы
Фацбадæн – 24 бон – хуыцаубоны

### ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙ (ФЕВРАЛЬ)

Стыр Нафы бон – 7 бон – хуыцаубоны
Гыццыл Нафы бон – 14 бон – хуыцаубоны
Комахсæн (Галæргæвдæн хуыцаубон) – 28 бон – хуыцаубоны

### ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙ (МАРТЪИ)

Аларды – 1 бон – къуырисæры
Фыды комбæттæны къуыри – 1-7 бонты
Урсы къуыри – 8-14 бонты
Стыр комбæттæн – 14 бон – хуыцаубоны
Стыр комбæттæны райдайæн – 15 бон – къуырисæры
Тутыртæ – 15, 16, 17 бонты
Рæстæйы бон – 18 бон – цыппæрæмы
Рагон Ирон Ногбон – 21 бон – хуыцаубоны
Хор-хоры бон (Рæмонбон) – 23 бон-дыццæджы
Фыццаг лауызгæнæн – 26 бон – майрæмбоны

### ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ (АПРЕЛЬ)

Къостайы мысæн бон – 1 бон – цыппæрæмы
Дыккаг лауызгæнæн – 2 бон – майрæмбоны
Астæумархо – 8 бон – цыппæрæмы
Урсы Дзуары бон – 18 бон – хуыцаубоны
Зазхæссæн – 24 бон – сабаты
Дзимыры Саниба – 25 бон – хуыцаубоны
Горийы Дзуары бон (Хуссар Ирыстоны) – 25 бон – хуыцаубоны
Арсайы Уастырджийы бон – 25 бон – хуыцаубоны
Къутугæнæнтæ – 25 бон – хуыцаубоны
Фæлвæра – 27 бон – дыццæджы

### ЗÆРДÆВÆРÆНЫ МÆЙ (МАЙ)

Куадзæн – 2 бон-хуыцаубоны
Мæрдты Куадзæн – 3 бон – къуырисæры
Суаны Уастырджи (Лабæйы) – 6 бон – цыппæрæмы
Тхосты Уастырджийы бон – 6 бон – цыппæрæмы
Цæуæггаг – 6 бон – цыппæрæмы
Таранджелоз (Тырсыгомы) – 6 бон – цыппæрæмы
Бæлдæрæн – 9 бон – хуыцаубоны
Ирон æвзаджы бон – 15 бон – хуыцаубоны
Касутæ – 16 бон – хуыцаубоны
Зæрдævæрæн – 27 бон – цыппæрæмы
Згъудеры Уастырджи – 30 бон – хуыцаубоны

### ХУРХÆТÆНЫ МÆЙ (ИЮНЬ)

Мыкалгабыртæ – 3 бон – цыппæрæмы
Кæрдæгхæссæн – 6 бон – хуыцаубоны
Уæлæмæсыджы Мады Майрæм – 7 бон – къуырисæры
Амаддзаг (Бæтæхъо) – 7 бон – къуырисæры
Ломисы Уастырджи – 9 бон – æртыццæджы
Рекомы бæрæгбон – 12-19 бонты
Дауджытæ – 13 бон – хуыцаубоны
Дзывгъисы Уастырджи – 15 бон – дыццæджы
Цыргъобау – 20 бон – хуыцаубоны
Мызуры зæд – 20 бон – хуыцаубоны
Уацилла – 21 бон – къуырисæры

### СУСÆНЫ МÆЙ (ИЮЛЬ)

Хетæджы Уастырджийы бон – 4 бон – хуыцаубоны
Ныхасы Уастырджийы бон – 4 бон – хуыцаубоны
Гæлиаты авд дзуары бæрæгбон – 4 бон – хуыцаубоны
Дзиры дзуары бон – 4 бон – хуыцаубоны
Кæхцгæнæнтæ – 11 бон – хуыцаубоны
Рагъы дзуары бон (Хуссар Ирыстоны) – 11 бон – хуыцаубоны
Елиа – 12 бон – къуырисæры
Фыры дзуары бон – 12 бон – къуырисæры
Фæроны дзуары бон – 18 бон – хуыцаубоны
Хуыцауы дзуары бон – 18 бон – хуыцаубоны
Бызы Сау барæг – 20 бон – дыццæджы
Хохы дзуары бон – 21 бон – æртыццæджы
Дыгуры зæды бон – 24 бон – сабаты
Атынæг – 26 бон – хуыцаубоны
Къобы Уастырджийы бон – 25 бон – хуыцаубоны
Атынæг – 25 бон – хуыцаубоны
Сырх дзуары бон – 26 бон – къуырисæры
Таранджелоз – 26 бон – къуырисæры

### МАЙРÆМЫ МÆЙ (АВГУСТ)

Бесланы Уастырджийы бон – 1 бон – хуыцаубоны
Задæлесчы Нанайы бон – 7 бон – сабаты
Дурджын бæрзонды Уастырджийы бон – 8 бон – хуыцаубоны
Рыны бардуаг (Галзилæн) – 15 бон – хуыцаубоны
Зилгæйы Уастырджийы бон – 15 бон – хуыцаубоны
Ног дзуары бон – 22 бон – хуыцаубоны
Майрæмы Куадзæн – 28 бон – сабаты
Ирыхъæуы дзуæртты бон – 29 бон – хуыцаубоны

### РУХÆНЫ МÆЙ (СЕНТЯБРЬ)

Беслæн. Номарæн бонтæ – 1, 2, 3 бонтæ
Нары дзуары бон – 1 бон – æртыццæджы
Джеры дзуары бон – 5 бон – хуыцаубоны
Æрджынарæджы фæндагсар Уастырджийы бон – 5 бон – хуыцаубоны
Фæззæджы Аларды – 6 бон – къуырисæры
Фыдыуани (Сосланы куывд) – 12 бон – хуыцаубоны
Фæззæджы Тутыр – 13 бон – къуырисæры
Сидæны Мыкалгабыртæ – 16 бон-цыппæрæмы
Гуццаты дзуары бон – 21 бон – дыццæджы
Мады Майрæмы бон – 21 бон – дыццæджы
Зары Уастырджийы бон – 23 бон – цыппæрæмы

### КÆФТЫ МÆЙ (ОКТЯБРЬ)

Дзылаты Уастырджийы бон – 3 бон – хуыцаубоны
Ичъына – 10 бон – хуыцаубоны
Дыгуры Уастырджийы бон – 10 бон – хуыцаубоны
Къостайы райгуырæн бон – 15 бон – майрæмбоны
Хоры Сæры куывдтæ – 31 бон – хуыцаубоны

### ДЖЕОРГУЫБАЙЫ (ЧЫНДЗÆХСÆВТЫ) МÆЙ (НОЯБРЬ)

Джеоргуыба (Галæргæвдæн хуыцаубон) – 21 бон – хуыцаубоны
Уастырджимæ кувæн æхсæв – 22 бон – къуырисæры изæрæй
Уастырджимæ кувæн къуыри – 22 – 28 бонты
Уастырджийыл хи фæдзæхсын – 28 бон – хуыцаубоны
Дзывгъисы Уастырджийы фæдзæхсæн æхсæв – 28 бон – хуыцаубоны
Уастырджийы фæндараст кæнæн æхсæв – 29 бон – къуырисæры изæрæй

### ЦЫППУРСЫ МÆЙ (ДЕКАБРЬ)

Ныкколайы бæрæгбон – 5 бон – хуыцаубоны
Цыппурс (ног нымадæй) – 25 бон – сабаты
Ногбоны æхсæв (ног нымадæй) – 31 бон – майрæмбоны изæрæй

***Къæлиндар сарæзтой:***
***ХÆМЫЦАТЫ Раман æмæ***
***КЪОДОТЫ Мельс.***



# Дигорон къæлиндар

| Мæйи бонтæ | Бæрæгбон | Къуæрей медæгæ бæрæгбони: райдайæн | Къуæрей медæгæ бæрæгбони: кæрон | Бунат, рауæн |
|---|---|---|---|---|
| **ÆНУСУРИ МÆЙÆ (январь)** | | | | |
| …1 | Нæуæг анзи фиццаг бон | Майрæнæхсæви | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| 7 | Киристей райгас | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Аргъауæнти, хæдзæртти |
| 8 | Æртхорон (Артæмбæрзæн) | 2-аг майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| 12-13 | Бундортæ | 2-аг æртиккæгæхсæви | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| 13-14 | Нæуæг анз (зæронд нимадæй) | Цуппæрæнизæри | Цуппæрæни | Хæдзæртти |
| 14 | Басилтæ | 2-аг майрæнизæри | Майрæнæхсæви | Хæдзæртти |
| 16-17 | Фонсиуарæн Фæлвæра | 3-аг хуцауæхсæви | Хуцаубони | Устур-Дигори зилди гъæути |
| 17-18 | Бадæнтæ | Авдисæризæри | Авдисæри | Устур-Дигорæ, Къуссу |
| 21 | Согæвæрæн майрæнæхсæвæ | Майрæнæхсæви | Майрæнбони | Устур-Дигори зилди гъæути |
| 30… | Дигори Изæд | Фæстаг хуцауæхсæви | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти (Задæлески) |
| 30… | Зиниатæ (Уацелла) | Фæстаг сабати (сæумæ) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти (Хæнæзи) |
| 30… | Зиниатæ (Гъæуизæд) | Фæстаг сабати (рæфти) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти (Дунти) |
| 30… | Фацбадæн: Хуцау; Идауæг | Фæстаг хуцауæхсæви | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **КОМАХСÆНИ МÆЙÆ (февраль)** | | | | |
| 1-2 | Уасгерги | Геуæргибонæхсæви | Геуæргибони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 4 | Цæуæн цуппæрæн | Цуппæрæни (сæумæ) | Цуппæрæни | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 6-7 | Сæризæд (Сæризæди бæмпæгæвæрæн) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 21... | Комахсæни къуæре | Хуцаубони | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти |
| 26-28 | Балдæрауз (зумæги кæрони уазал бонтæ) | Майрæнбони | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти |
| **КÆРДÆГÆЗМÆЛÆНИ МÆЙÆ (март)** | | | | |
| 1-3 | Балдæрауз (зумæг уалдзæгæй æртæ бони æфстау ракурдта) | Авдисæри | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| 1 – 7 | Цæрвкъахæнтæ (уорсæгти къуæре) | Авдисæри | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 8 | Силгоймæгти бæрæгбон | Авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти, кустуæтти |
| 14… | Комбæттæн | Хуцаубони | Комуадзæн (Пасха) | Хæдзæртти |
| **ХУМИДАЙÆНИ МÆЙÆ (апрель)** | | | | |
| 1 | Хумидайæн (1-аг) | 1-аг цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигори коми ниллæг æвæрд гъæути |
| 5 | Тотуртæ (фустæ зад ку фæуунцæ, уæд) | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти, уотæртти |
| 8 | Хумидайæн (2-аг) | 2-аг цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигори коми бæрзонд æвæрд гъæути |
| 14 | Ораза | Æртиккæги | 13-аг маййи | Хæдзæртти |
| 18 | Бæлдæрæн (Арви гъæрæй æрдзæ райгъал уй. Арв æма зæнхæ кæрæдзей бауарзунцæ) | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 24 | Касутæ (Нæуæг киндзи донмæ рахунд) | Фæстаг сабати | Сабати | Хæдзæртти, дони цори |
| 24 | Назутæ | Сабатизæри | Сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| **ХАНСИ МÆЙÆ (май)** | | | | |
| 2 | Комуадзæн (Пасха) | Хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти, аргъауæнти |
| 3 | Алаурди | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| 9 | Уæлахези бон | Хуцаубони | Хуцаубони | Æхсæнæдти |
| 10 | Никкола (Гулуй кувд) | 2-аг авдисæри | Авдисæри | Лезгори ковæндони |
| 13 | Комуадзæн (Ораза-байрам) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Хæдзæртти |
| 16 | Хуцауи дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хъармани |
| 16 | Устур Хуцауи кувд | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Задæлески ковæндони |
| 27 | Зæлдæвæрæн (Зæлдгæрдæн) | Фæстаг цуппæрæни | Цуппæрæни | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| **АМИСТОЛИ (ХОРХÆТÆНИ) МÆЙÆ (июнь)** | | | | |
| 6 | Кæрдæгхæссæн | Хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 20 | Багъайти Дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти (Багъайти) |
| 20 | Уасгерги | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Дзинагъай ковæндони |
| 20 | Хуцаузæнгæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| 26 | Туххуæстæг | 4-аг сабати | Сабати | Хъалнæгъти (Тъæпæн Дигори гъæути) |
| 26 | Циргъесæн | 4-аг сабати | Сабати | Донифарс, Къумбултæ, Устур-Дигорæ æма æнд. |

**…ъæлиндар исаразта Регионалон рохситауæг æхсæнадон организаци «Геуæрги Малити»-й …ердар ТАМАТИ Таймураз. Къæлиндарæн мухур кæнæн æ фиццаг хай.**

### ИЮЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

### АВГУСТ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

### СЕНТЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

### ОКТЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

### НОЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | | | | | |

### ДЕКАБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

*В каком бы костюме не появился герой В. Цаголова – от народной черкески до суровой солдатской шинели, – нравственная сущность характера едина. Он всегда готов к самопожертвованию во имя общечеловеческих идеалов добра и справедливости.*
*И. КАЙТОВА, кандидат филологических наук.*


Василий ЦАГОЛОВ с боевыми друзьями во время Великой Отечественной войны.


Василий ЦАГОЛОВ (третий слева) во время армейских учений.

# ЗАТЯЖНОЙ ПРЫЖОК ДЛИНОЮ В ЖИЗНЬ

5

Чаще о том, как он после ранения осколком разрывной пули в шею в Голосеевском лесу, что под Киевом, обманным путем попал из пехоты в воздушный десант. Польстился на шоколад, которым, якобы, от пуза кормили десантуру. (Безотцовщина в детстве после развода его матери и переезда ее в город, где она устроилась на швейную фабрику, конфетами и иными детскими радостями не баловала.) Шагнул вперед, когда после выписки из полевого госпиталя в Краснодаре «покупатели» из запасных полков пополняли составы уже обученными солдатами. Шагнул, когда выкрикнули десантников. Когда же надо было выполнить первый тренировочный прыжок с вышки, сознался во всем инструктору. Тот оказался человеком добрым и не передал его за обман в трибунал. А потом Вася Цаголов сам стал инструктором, готовя и сбрасывая десанты глубоко в тыл врага. И, анализируя жизнь отца, я бы сравнил ее с затяжным прыжком с парашютом. Почему? Да потому что отец должен был умереть за свою жизнь по меньшей мере трижды. В первый раз – на фронте. Когда он приехал на короткую побывку после второго ранения в горную Дигорию, куда эвакуировалась мать, он неожиданно встретил ее на дороге, несущую в подоле груши из соседнего аула. Груши, которые он любил, к его поминальному столу, потому что незадолго до этого на него пришла «похоронка».


Василий ЦАГОЛОВ с сыном Олегом.

Второй раз – в Москве, когда его подобрали прямо на улице с открытым чахоточным кровотечением. По всем медицинским канонам, он должен был умереть, но чудом попал в кремлевскую больницу в руки хирурга-пульмонолога Льва Константиновича Богуша, который одним из первых, если не первым в мире, начал делать резекцию истерзанных палочкой Коха долей легких у больных туберкулезом. Когда Богуш, впоследствии академик АМН, наметил пациента для показательной операции иностранным коллегам, избранник внезапно испугался. Чтобы спасти положение, отец вызвался досрочно лечь под нож вместо него. Года через три после удачной операции он только из принципа добился снятия с диспансерного учета и восстановления на воинском учете в райвоенкомате.

В третий раз оказалось труднее всего. Врачи поставили страшный диагноз: рак почки. Он догадывался об этом, но всей правды от нас так никогда и не узнал. До самого конца я вел с ним себя, как со здоровым. И это усилило его обостренную мнительность.

В день смерти Влада Листьева, 1 марта 1995 года, в московском НИИ урологии, куда он попал благодаря Герману Течиеву и Ахсарбеку Галазову, его блестяще прооперировал академик Николай Алексеевич Лопаткин, которому было уже за семьдесят, и он, как говорили, лечил в разное время королеву английскую и Юрия Андропова.

Отец выжил. И выжал из оставшегося ему века максимум того, что предрекали врачи при условии соблюдения режима: почти десять лет жизни. Он очень любил жизнь во всех ее проявлениях, боролся за нее без нытья и никак не мог насладиться ею. До восьмидесяти трех лет сохранил великолепную память, остроту ума и юношеский блеск в глазах.

Он глубоко, почти философски, понимал суть человека, поэтому к нему и тянулись самые разные люди. Но не всегда мог облечь в тогу этого понимания развал страны и крах всех идей, за которые его поколение отдало миллионы жизней. Последние попытки осмысления происходящего, попытки найти тайный смысл изменений, были им предприняты на страницах журнала «Дарьял». Это был довольно продолжительный творческий всплеск. Могу сказать совершенно определенно: встреченный чуткостью душ и дружеским пониманием в редакции журнала, он безусловно умножил свои счастливые дни.

Если говорить об опубликованных им книгах, то он воспринимал, к примеру, как неудачу роман «Тринадцатый горизонт» о горняках Садона. То, что он испытал в более молодом возрасте, когда «ради нескольких строчек в газете» не раз проползал на пузе по угрожающим лабиринтам узких и низких забоев, все те острые ощущения, которые он вобрал сердцем, так и не обросли текстом, поскольку, по большому счету, избыток эмоций не компенсировал недостаток специальных знаний. Это был заказной производственный роман, что часто практиковалось в те времена. Идеологическая конъюнктура издательства в той или иной степени определяла выбор тем и для других его книг.

Он никогда не искал наград, даже вполне заслуженных. К слову, за ту контратаку на десант отборных фашистских парашютистов, в которую он собственным примером поднял товарищей, заступив на место раненого командира. Аэродром не пострадал, но документы на награждение его орденом были затем утрачены в ходе боев за Москву.

Конечно же, признание и лестные оценки литературных критиков были ему приятны. Самой высокой наградой для него стало звание народного писателя Северной Осетии. Это был уже не аванс «на вырост», а признание его заслуг перед осетинским народом, его историей. С другой стороны, военные его награды пылились в шкатулке. Он их ни разу не надевал. Может быть, не в последнюю очередь потому, что не хотел обнаруживать перед женщинами, которым он неизменно нравился, свой истинный возраст. А выглядел он, несмотря на перенесенные невзгоды и болезни, намного моложе своих сверстников. И на старости лет лишь изредка цеплял на лацкан скромный значок участника войны. И по случаю – почетный знак секретариата Союза писателей Болгарии «Никола Вапцаров».

Болгария была его последней и разделенной любовью. Искренней и заботливой. Здесь он встретил замечательного человека и друга Йордана Йорданова, с которым его скрепили узы кавказского побратимства. Отец сохранил юношеское восприятие мира до своего смертного часа. Романтика героического прошлого болгар, русских и осетин нашла отражение в романах «За Дунаем» и «Ралица». Разных по художественной ценности, но совершенно искренних перед совместной историей.

Он никогда не ждал ответной благодарности за свои поступки, но сам до последних дней помнил доброту других людей, даже если она была мимолетной. А еще он умел то, что многим из нас попросту не дано: притягивать все новых друзей на протяжении всей своей жизни. А какими колоритными и цельными натурами были его близкие друзья: школьный друг и морской капитан Шакро Чихрадзе, выдающийся борец вольного стиля Саукудз Дзарасов, известный художник Батыр Калманов, талантливый осетинский журналист Борис Дзугаев, кристально чистый чекист Георгий Сикоев, опальный театральный режиссер Зарифа Бритаева, прославленный генерал Георгий Хетагуров и многие другие, не менее яркие представители нашего многонационального народа.

Он сам лет за двадцать выбрал себе место своего последнего пристанища на Ново-Осетинском кладбище. До деталей и мельчайших подробностей расписал предстоящую траурную церемонию. Единственное, что он оставил на мое усмотрение, – памятник на погосте. Скромный, лаконичный и вместе с тем приметный. Такой же, каким и был в жизни наш с сестрами Татьяной, Ларисой и Тамарой отец Василий…



Цæголти Македони фурт Ким райгурдæй 1930 анзи 13 январи Цæгат Иристони АССР-и Киристонгъæуи (нуртæккæ – сахар Дигора). 1950 анзи каст фæцæй Дзæуæгигъæуи аййевадон-педагогон училище, 1953 анзи ба – Ейски æфсæддон-денгизон авиацион училище. Службæ кодта Сауденгизон æма Балтиаг флотти, Прибалтики, Туркестани, Цæгат Кавкази æма Мæскуй æфсæддон зилдтити. 1960 анзи фæсаууонмæ каст фæцæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон педагогон институт.

Цæголти Кими намусгин цардвæндаги хабæрттæ кæрæй-кæронмæ радзорунæн нин фадуат нæййес, уомæ гæсгæ ба си цубурæй кæцидæрти ранимайдзинан.1981-1984 æнзти адтæй Афганистани Советон æфсæдти къуари хестæр æфсæддон унаффæгæнæг, æнхæст кодта командæкæнуйнади сæрмагонд ихæслæвæрдтæ. Евгъуд æноси 80-аг æнзти кæрони архайдта Хонсар Иристони территори гæрзефтонг гурдзиаг къуæрттæй багъæуай кæнуни гъуддæгути. Фæстæдæр куста бæрнон бунæтти Советон Цæдеси, уой фæсте ба Уæрæсей Федераций уæлдæр хецаудзийнади бæрнон бунæтти, æ куст фулдæр адтæй нæ бæсти национ рахстдзийнæдти фарстати фæдбæл.

Философон наукити доктор, историон наукити кандидат, профессор, уотæ Цæголти Ким æ рæстæги ахургæнæгæй куста Краснодари тæхгути техникон училищей, Мæскуй цалдæр æфсæддон академийей. Æ наукон куститæ (æртæсæдемæй фулдæр) мухургонд æрцудæнцæ Уæрæсей, уæдта фæсарæйнаг бæстити, цæмæдесæй сæбæл исæмбæлиуонцæ наукон æмæхсæнади. Архайдта берæ регионалон, еугуруæрæсеуон æма дуйнеуон наукон конференцити. Адтæй Уæрæсей цалдæр академийей æцæг иуонг.

Æ агъазиау æскъуæлхтдзийнæдти туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй ССР Цæдеси, Уæрæсей, Афганистан æма Польший уæлдæр паддзахадон хуæрзеугутæй æма реубæлдаргæ нисантæй, исаккаг ин кодтонцæ цалдæр сахарей Кадгин гражданин ном.

Цæголи-фурт адтæй искурдиадæгин хузæгæнæг дæр, архайдта Балтиаг флоти, Цæгат Кавкази æма Прибалтики æфсæддон зилдтити æфсæддон хузæгæнгути равдистити, бацæттæ кодта цалдæр персоналон равдисти. Æнтæстгин адтæй литературонпублицистон исфæлдистади дæр, адтæй ССР Цæдеси æма Уæрæсей финсгути Цæдести иуонг.

Тугъдон, курухон лæг, философ, алливæрсуг зонундзийнæдтæ æма хуæдбундор искурдиади хецау – уæхæнæй Цæголи-фурти базудтонцæ е 'мкосгутæ, ахурдзаутæ, æмбæлттæ æма æмзæнхонтæ. Е бæрæг æй, мæнæ дæлдæр ци цалдæр имисуйнаги мухур кæнæн, уомæй дæр.

Цæголти Ким æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 2015 анзи 11 октябри.

# РАЗАГЪДИ ДЕССАГ АДÆЙМАГ АДТÆЙ...



ТЕБЛОЙТИ Михаил, Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академий доцент

УОТÆ рауадæй, æма мæ цардæмбал Теблойти-Келехсати Варвари хæццæ нæмæ Гиппократи ардбахуæрд фæдздзурдта, æма, куд медицинон косгутæ, уотæ нин нæ интернационалон ихæс æнхæст кæнгæ рауадæй Афганистани зæнхæбæл. Ами ба нæ нæ царди нивæ фæййеу кодта таурæгъон лæг Цæголти Кими хæццæ. Уой дæр, зæгъун æнгъезуй, æнахур, зæгъун æнгъезуй, еуцæйбæрцæдæр фудæвзарæни æнгæс уавæри. Цæветтонгæ, кæми цардтæн æма кустон, еци рауæни еу бон гъæунгæбæл цудтæн, уоми фондзуæладзугон хæдзари еу къæразгæй мæмæ ку райгъусидæ Хетæгкати Къостай æмдзæвгæбæл зар. Е мæмæ дессаг куд нæ фæккастайдæ, уой хæццæ ба ма мæ зæрдæбæл уайтæккæ æрбалæудтæй, Советон Цæдесæй ни ардæмæ ке æрвистонцæ, уонæн еугуремæн дæр уой дзурдтонцæ, ами знаг ци аллихузон хийнæйдзаг къæппæгутæ аразуй, уонæми бахаунæй тæссаг æй æма уобæл сайд ма 'рцæуæд, къæрцгъос уотæ, уæхе сайди бахаунæй гъæуай кæнетæ, зæгъгæ.

Æма æз бангъалдтон, æвæдзи, зæгъун мæ ами уни нисан мин базудтонцæ æма мæ нурттæккæ æрахæссун исфæндæ кодтонцæ. Æндæр, зæгъун, ауæхæн æцæгæлон æнтæфæй-æнтæфдæр бæсти ке багъудæй мæ маддæлон æвзаг?! Æз, мæ хуæцæнгарзбæл мæ зæрдæ даргæй, бацудтæн хæдзарæмæ, иссирдтон, музыкæ кæцæй игъустæй, еци цæрæнуат æма дуар бахуастон. Ракастæй мæмæ ниллæггомау нæлгоймаг, даргъ бæзгин закъæ ибæл, æ уæле ба тугъдон дарæс. Кæрæдземæ кæсæн... Нæ зонун, ка мæмæ ракастæй, уомæ ци сагъæстæ фæззиндтæй ме 'рбацуди фæдбæл, фал æз ба, раст зæгъгæй, æгæрдæр ма истухстæн: «Мæхе къæхтæй æрбацудтæн душманти сæркъуæрмæ... Мæхе цæй туххæй бабун кодтон?!.»

Кæсун æма бацæуæни æ фæсте пъолбæл Калашникови автомат. Фал мæнæн ба мæ къохи пистолет, æма, æнæмæнгæ, ме 'знаг æй, зæгъгæ, ке бангъæл адтæн, уой бон неци хузи бацайдæ автомат фелвасунмæ исарæхсун.

Уотемæй, æвæдзи, рацудайдæ еуфондз минуттей бæрцæ, æма дин уæдмæ ба медæгæй уатæй райгъустæй силгоймаги гъæлæс:

– Ким, ка си ес, медæмæ цæмæннæ æрбахезуй?..

Кæсун, æма мæ размæ рацудæй еци силгоймаг, цæмæдæр гæсгæ фиццаг бакастæй дæр уайтæккæдæр базудтон, ирон силгоймаг ке æй, уой. Уой фæззинд мин уоййасæбæл æхцæуæн адтæй, æма тарстæй æгириддæр нецибал райзадæй, ка 'й зонуй, æгæр гъæрæй иронау исдзурдтон:

– Æма ирæнттæ ба уæд ами ци архайунцæ?..

Нæлгоймаг мæ æ хъури æрбакодта æма мæ дуари тæрвази сæрти медæмæ æ гъæбеси бахаста... Гъе уæд райдæдта Цæголти бийнонти хæццæ нæ лимæндзийнадæ.

– Дæхебæл фæхходæуцæ, Мишæ, ами æцæг лæгдзийнади скъола рацæеудзæнæ, – ахид мин дзурдта Ким. – Уой фæсте дин дæ изолдæри царди æнцондæр уодзæнæй зиндзийнæдти сæрти хезун...

Берæ цæбæлдæрти исахур дæн Цæголи-фурти фæрци. Еухатт ба мин æ курухон унаффæ мæ цард фæйййервæзун кодта.

Гъуддаг уой медæгæ адтæй, æма еу партион æмбурди карзæй ке радзурдтон, уой туххæй ми мæ разамунд, æвæдзи, æ маст райсун исфæндæ кодта. Æма сæ еци фæндæ исæнхæст кæнуни зæрдтæй рахастонцæ унаффæ æнахур балций ма рарветун – гъæуама мæ парашютбæл рагæлстайуонцæ сахар Фирахи, цæмæй бунæттон сæйгæдони сæйгитæн фæййагъаз кодтайнæ.

Сæ нихмæ ци загътайнæ – лæдæрдтæн æй, сæйгитæн агъаз кæнун мæнæн, куд дохтирæн, уотæ мæ ихæс æй, æма цийфæнди ку уа, уæддæр æй æнхæст кæнун гъæуй. Фал мæмæ уæддæр еци бардзурд куддæр æнахур фæккастæй, Æма мæ мæ медхъурдохæн нæ фæссайдта... Куд рабæрæг æй, уотемæй еци бардзурдæн е 'нахурдзийнадæ æ æверхъаудзийнадæй адтæй, уомæн æма еци сахари уæд хецауеуæг кодтонцæ душмантæ, махонтæ си æгириддæр нæ адтæй. Æз еци хабар Кимæн ракодтон. Æма уайтæккæ дзуапп загъта:

– Махонтæ си, æцæгæйдæр, ке нæййес, уой туххæй дин болкъон Къæбисти Барис дæр зæгъдзæнæй. Е æнæгъæнæ Афганистани еугур рауæнти сæрти дæр вертолетæй æрзилдæй æма, кæми си ци уавæр ес, уой бæлвурдæй зонуй. Ду ба Минæвардæ дæ хецауадæн зæгъæ, цæмæй дæ базонгæ кæнонцæ, Мæскуйæй дæу туххæй ци бардзурд райстонцæ, уой хæццæ!.. Куд æнгъæл дæн, уотемæй уæхæн бардзурд уогæ дæр нæййес. Фал уæддæр фæрсгæ ба бакæнæ...

Ким мин куддæриддæр загъта, уотæ бакодтон. Уæхæн бардзурд ес æви нæййес, уой туххæй мин бæлвурд дзуапп нæ равардтонцæ, фал мæ балци ба æййивд æрцудæй...

Гъуди ма кæнун уой дæр, æма сæумæй раги, хестæг ци штабмæ цардтæн, уой æхсти фæсте, Цæголти Ким, æ уæле бунæттон цæрæги уæледарæс, æ усхъæбæл автомат, уотемæй, фехст снарядтæй ка нæ фехалдæй, уони еунæгæй куд æнæзиангъон кодта.

– Цалинмæ некема ес, уæдмæ над ракæдзос кæнун гъæуй, зæгъгæ, мин балæдæрун кодта.

Мæ десæн кæрон нæбал адтæй, мæ бийнойнаги хæццæ нæ уолæфуни рæстæг нæ райгурæн бæстæмæ ку цудан, уæд нæ аэропортмæ ласунбæндæ æхуæдæг ке искодта, уæд уобæл дæр. Æз куддæр фефсæрми дæн. Ким æ медбилти бахудтæй æма загъта:

– Мишæ, Варя, сумахæй хæстæгдæр мæнæн ами неке ес, æма уæ еске барæ куд бакæнон...

Куд рабæрæг æй, уотемæй, еу афгайнаг шофер, мах хузæн уавæри нæ специалистти нин аэропортмæ фæлласун бæсти сæ душмантæмæ баласта æма уоййадæбæл фесавдæнцæ...



ЦÆГОЛТИ Лаурæ, Цæголти Кими кизгæ, поэтессæ, Уæрæсей Федераций финсгути Цæдеси иуонг

КУД фæззæгъунцæ, æз адтæн мæ фиди кизгæ, æма уомæй нæ дууæ дæр адтан хъæбæр амондгун!..

Уотæ зæгъон, æма мæ фиди æнæуагæ берæ уарзтон, сæрустур си адтæн æ хъаурæгин удиконди, цийфæнди, сауæнгæ мæлæтæй тæссаг рæстæг дæр – уæхæн уавæртæ ба нæ царди нæ фагæ æгæр уæлдайгунтæй дæр ма адтæнцæ – æ бон ке уидæ федар хебæлхуæцундзийнадæ равдесун, уой туххæй?.. Е æцæгæйдæр уотæ 'й.

10

**Уæрæсей Гæрзефтонг тухти агъазиаудæр къабази – инженерон æфсæдти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 21 январи. Аци æфсæдти рæнгъити се 'фсæддон ихæстæ æнхæст кодтонцæ æма нур дæр æнхæст кæнунцæ не 'мзæнхонтæй беретæ.**

*Зундгонд финсæг Юрий ТЕПЛОВ æ рæстæги журнал «Наш современник»-и ниммухур кодта документалон очерк «В горах Афганистана». Уоми дзубанди цæуй Цæгол-Ахмæти туххæй дæр – е адтæй Цæголти Кими фæсномуг. Советон æфсæддон хæйтти разамунди унаффæгæнæг уогæй,*

# РАЗАГЪДИ ДЕССАГ АДÆЙМАГ АДТÆЙ...

9

Фал мæ фиди туххæй æнхæстæй радзорунæн ба æгæр къундæг зæгъдтитæ ’нцæ. Нæ кæрæдземæй некæд неци римахстан. Адтан, зæгъун æнгъезуй, æмтохгæнгутæ, кæрæдзебæл уæхæн федар баст, кæций нециуавæр «æнгъарæн фадуæтти» бон дæр бацайдæ райхалун. Еу цæстæй кастан дуйнемæ. Нæ бонугти сифти дæр æмхузон зæрди хабæрттæ финст адтæй. Æма уомæ гæсгæ некæд бадес кодтон мæ фиди зубути еунæгдзийнадæбæл. Æ алфамбулай кæд алкæддæр берæ адæм адтæй, уæддæр еунæг ке æй, уой ба хъæбæрдæр æнкъардта æхебæл. Æма еци еунæгдзийнадæ, æвæдзи, æгæр хъаурæгин уодиконд кæмæн ес, уонæн сæ царди хай æй. Мæ фидæ адтæй лæмбунæг сагъæсгæнагæ, алли гъуддаги дæр раздзæуæг, алли куст дæр комкоммæ бæлвурд æгъдауæй æнхæст кæнун.

Мæ зæрдæбæл лæууй, еу тæссаг балцийæй бабæй исæздæхгæй, фиццагидæр бал мæнмæ æрбацудæй. Æма мин уотæ зæгъуй:

– Еугурæйдæр уотæ æнгъæл æнцæ, æма Мæскуй нæма дæн. Ку мæ агоронцæ, уæд зæгъæ, нæ мæ фæууидтай, зæгъгæ. Рæстæг мин минкъий ес. Фал дæмæ гъæуама бавдистайнæ мæнæ мæ аци финстæг... Бакæсай æй...

Æма мæмæ æрбадаргъ кодта цидæр къохфинсти сифтæ. Æз сæ кæсун. Мæ фидæ бадуй, æ сæр ниллæг æруагъта, уотемæй рафунæй æй æ фурфæлладæй… Æ карз фунæйæй фегъал æй, сифтæ 'скъудтæ кæнун ку райдæдтон, уæд. Фæггæпп кодта:

– Ци косис?!. Е еунæг экземпляр æй!..

– Æма аци еунæг экземпляр ма ка кастæй?

– Неке...

– Æма ’й кумæ æрветуйнаг адтæ?

– Уордæмæ! – е ’нгулдзæй амонуй тугурмæ.

– Ци киндæуа, хуæздæр нивæй нæ фæххайгин æй...

Æз мæ медбилти идзулун, архайун æ уадзавæрддзийнадæ ин фæннидæндæр кæнунбæл:

– Уотæ гъæуй, мæ фидæ, ма ибæл тухсæ!..

– Ке гъæуй?!.

– Гъе уотæ ’й нимайæ, æма мæн гъæуайгæнæг изæди...

Уобæл еу – дууæ къуæрей рацудайдæ, уотемæй мæмæ æрбадзурдта æма мин æнæ уæлдай радзорæ-бадзоритæй уотæ ку зæгъидæ:

– Хуцау ди исарази уæд!.. Гъе нур не ’хсæн, нимайæ ’й, хæрæгсаст – 1:1.

Уотæ ба мин уомæ гæсгæ загъта, æма мæ еу хатт æхецæй нийййауон кодта, фæтти æхстæй мæ гъæуайгæнгæй... Е раги адтæй. Æма нур ба не ’хсæн – хæрæгсаст.

Фæндараст зæгъгæй, æ уарзондæр загъд уидæ: «Цæрдзинан – нæ рамæлдзинан!..»

Цалдæр анзей фæсте ба ’й бафæндадтæй дзиуарæ бафтаун æхебæл æма мин уотæ ку зæгъидæ:

– Æцæг мæбæл дæу саугин бафтауæд дзиуарæ!

– Е ба цæмæ гæсгæ?!

– Уомæн æма æз æма ду еу ан, уомæ гæсгæ ба нæ саугин дæр гъæуама еу уа.

Еуминкъий цæбæлдæр расагъæс кодта, уæдта ма æ загъдбæл бафтудта:

– Фæндуй мæ гъæуайгæнæг изæди дæу гъæуайгæнæг изæди хæццæ базонгæ кæнун... Цæбæл радзубанди кæнонцæ, е ба син, æруагæс ми кæнуй, уодзæнæй...



Владислав ШУРЫГИН, газет «Завтра»-и корреспондент

Академий ахургæнæгæй косгæй, Цæголти Ким исахур кодта афгайнаг дууæ æвзаги (дари æма фарси), æма ’й æ еци зонундзийнæдтæ багъудæнцæ тугъдон æсгарæги служби рæстæг. Афганистани хестæр тугъдон унаффæгæнæги бунати косгæй, æхуæдæг цудæй хъæбæр тæссаг операцити. Зæгъæн, афгайнаг дервиши уæледарæс искæнгæй, æхе никъуæтти кæнгæй, еухатт исмедæг æй, душманти къуæрттæ фулдæр ци районти адтæнцæ, уордæмæ. Уоми æ арми бафтудæй, еци къуæрттæй уæлдай карздæрæй ка архайдта, уонæй еуей балгъони хæццæ сосæггай фембæлун.

Уой хъæбæр устур деси бафтудта Цæголи-фурти бæгъатæрдзийнадæ æма, æвæдзи, уомæ гæсгæ дæр ибæл баууæндтæй. Цубур рæстæгмæ балгъон æ къуари хæццæ æ нихмæлæуд ниууагъта æма бацудæй республикон гвардимæ.

Еци цауи фæсте дæр ма Цæголифурт берæ хæттити адтæй уæхæн тæссаг ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнуни. Агурдта, уæди медбæстон тугъдæй ка бафæлладæй, æнæгъæуаги тог калун ке нæбал фæндадтæй, уони, æма сæ хæццæ лæмбунæг дзубанди кодта, цийфæнди хæццæ сæмæ бацæуидæ, уобæл сæ æрæууæндун кæнидæ. Уой фæрци еуæндæс устур æма минкъий къуари рахуæстæнцæ Афганистани Демократон Республики уæди хецаудзийнади фарс. Гъе уотемæй цал æма цал адæймагей – дууердигæй дæр!.. – фæййервæзун кодта мæлætæй!..

Гъе уотæ рæстзæрдæ æма цæсгонгинæй, разæнгардæй еудадзуг æнхæст кодта æ размæвæрд ихæстæ Цæголти Ким... Цалинмæ не ’фсæдтæ еугурæйдæр нæ рацудæнцæ Афганистани зæнхæй – уой ба уомæ гæсгæ баханхæ кодтон, уордæмæ ’й кæд æрветгæ анзи æрдæги æмгъудмæ ракодтонцæ, уæд си е ба уавæртæмæ гæсгæ цалдæр анзи фæцæй...

Цæголти Кими туххæй дзоргæй ма мæ бон уотæ зæгъун дæр æй, æма æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæ æма æнтæстдзийнæдтæмæ гæсгæ, гъæуама исхизтайдæ службi медæгæ тæккæ бæрзонддæр къæпхæнмæ... Фал куд нæ!.. Афганистанæй исæздæхгæй, е æ рапорти æргомæй, æндиудæй, бæлвурдæй раргом кодта, уоми тугъди хæццæ баст гъуддæгути нæ бæсти уæлдæр æфсæддон командæкæнуйнадæ ци аллихузон, ниххатиргæнæн кæмæн нæййес, уæхæн рæдудтитæ æруагъта, Афганистани тугъдон компаний рæстæг ци гъæндзийнæдтæ фæуупидта æхе цæститæй, уони. Æма?.. Пенсимæ цæун афонæ дин æй, зæгъгæ, рæуонæй æй фендæдуар кодтонцæ æфсади рæнгъитæй.

Еци æгириддæр æнæраст миуæ ин, æ царди медес æнæгъæнæй дæр æфсæддон гъуддагæн ка иснивонд кодта, уомæн устур зæрддзæфи хузæн куд нæ адтайдæ!.. Фал еци уæззау уавæри дæр бабæй рабæрæг æй æ уодиконди хъаурæ æма федардзийнадæ, ниббухсунæн имæ устур фæразондзийнадæ æма лæгдзийнадæ разиндтæй.

Æ райгурæн Иристонмæ ба ци рæстæг исæздахтæй, еци рæстæг Гурдзистон æма Хонсар Иристони ’хсæн нихмæлæуд уæлдай иситинг æй, хуæцæнгæрзти хæццæ тохæмбæлдтитæ дæр си райдæдтонцæ.

Æма бабæй багъудæй Цæголти Кими курухон зунд æма фæлтæрддзийнадæ. Уогæ алцæй разæй фиццагидæр æхуæдæг æ комкоммæ ихæсбæл банимадта еци уæззау рæстæги еци тæссаг уавæр, куд хуæздæр æй, уотæ исраст кæнуни гъуддаги, æ бон цидæриддæр æй, уомæй байархайун.

Уæд, евгъуди æноси 90-аг æнзти Цæголи-фурт нисангонд æрцудæй Уæрæсей Федераций национ фарстати фæдбæл министри хуæдæййевæгæй, Цæгат Иристон-Аланий Президенти унаффæгæнæгæй... Æма бабæй нæуæгæй, куд фæззæгъунцæ, æ рагъи ракодта æ цардвæндаги сæйрагдæр нисанеуæг – сабурдзийнадæ итауæги уæззау уаргъ.

Æвæдзи, еци рæстæг Цæголи-фуртæй устурдæр æвæрæн неке бахаста, цæмæй гурдзиаг-хонсариристойнаг нихмæлæуд, уæд цæйбæрцæ гæнæн æма амал адтæй, уомæй федаугæ хузи куд рахецæн уа, еци гъуддагмæ... Уогæ кедæрти тогмондагдзийнади фудæй гъуддаг æнæ тогниккалдæй нæ рахецæн æй... Уогæ сæ еци знаггадæй дæр син неци рауадæй, сæ сау фæндтæ сæ разгилд тугъди 2008 анзи бунсугъд бакодтонцæ... Хуарз æма Цæголти Ким æхе цæститæй фæууидта, Хонсар Иристон хуæдбарæ паддзахадæ ке иссæй. Е æ царди адтæй тæккæ цийнагдæр æма æхцæуæндæр бон...

Къарти:
**ЦÆГОЛТИ Ким Чиколай хестæрти хæццæ цитгин мадзали рæстæг.**

**ЦÆГОЛТИ Ким (лæууй) æ хеуæнтти хæццæ.**





**Дæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1931 анзи 21 январи) Ленинон фæскомцæдес хуарзæнхæгонд æрцудæй Фæллойнадон Сурх Турусай орденæй, социалистон арæзтади ке фескъуæлхтæй, уой туххæй.**

*Цæголи-фурт берæ хæттити уидæ уæдиккон тугъдæн æ тæккæ цæхæрдæр рауæнти, исмедæг уидæ советон æфсæдти нихмæ тохгæнæг душманти 'хсæн дæр. Очерки автор æй æвдесуй нифсхаст, æндиуд, искурдиадæгин æфсæддон архайæг æма ахургондæй.*





ЦÆГОЛТИ Василий исфæлдистадон балций рæстæг.



ЦÆГОЛТИ Василий тугъди рæстæг.

# ЦÆГОЛТИ ЦИТГИН ÆНСУВÆРТÆ – ИРИСТОНИ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ!..

1

Василийи фурт Олег, журналист, æ фиди цардвæндаг æма исфæлдистади фæдбæл ци æрмæгутæ бацæттæ кодта, уонæй еуеми æримиста уæхæн хабар: «Æ роман «Хуæнхти минæвæрттæ» -й мæ цæргæ-цæрæнбонти дæр, æвæдзи, дардзæнæн мæ зæрдæбæл еу цау. Цæветтонгæ, кæстæр хъайтартæй еу хестæрæн балæггадæ кæнуни зæрдтæй æ уæгъдæ къохтæй артæй фелваста зинг, æма 'й æ дууæ армитъæпæнемæ рагæлдзæ-багæлдзæ кæнгæй си уомæн æ лолæ исасугъта. Æз уобæл хъæбæр дестæ кæнгæй бафарстон мæ фиди, еци æгæргæнæн ба ма си цæмæн гъудæй, зæгъгæ. Æма мин уæд е уотæ ку бакæнидæ: «Хаттæй-хатт расагъæс кæнун дæр гъæуй, цивилизаций хуæрзтæ есгæй, нæхе удвæрнондзийнадæй берæ цидæр ахсгиагдзийнæдтæ ке исафæн, уобæл дæр...» Æ еци дессаги гъуди мæ зæрдæбæл даргæй, фæззæгъун, хуарз æма нæ хестæртæ абони рæстæгутæмæ нæ рацардæнцæ æма ма син махæй абони ка цæруй, уони туххæй æфсæрмигæнгæ нæ рауадæй…»

Уогæ фæсмон кæнун дæр хуарз æй, фал никки хуæздæр ба е æй, æма цæмæйдæриддæр фæррæдудан æма ма рæдуйæн, уони æнæ дзебæлæй исраст кæнунбæл байархайун.

Фиццагидæр, нæ ихæс æй нæ цитгин хестæрти имисун, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити уони фæнзуйнаг хабæртти кой кæнун. Еци гæнæнтæй мах, куд нури уæнгæ, уотæ абони дæр бабæй пайда кæнæн. Æма нæ дзубанди ба Цæголти Василий æма Кими туххæй уомæ гæсгæ кæнæн, æма æрæги, 1 январи Василийи райгурдбæл исæнхæст æй сæдæ анзи (1921-2004). Уотæ рауадæй æма фараст анзей (1930 анзи 13 январи) фæсте бабæй Македонæн æ нæуæг бийнонти 'хсæн райгурдæй фурт, исхудтонцæ 'й Ким.

Сæ дууей карнæ дæр рауадæй зингомау, фæццудæнцæ царди гургъахъ нæдтæбæл, фал сæмæ адæймаг цæмæй æрхицæ кæна, уомæй ба сæ дууемæ дæр разиндзæнæй цалдæр цардей бæрцæ. Василий иссæй зундгонд публицист, финсæг, нæ литератури классик, Цæгат Иристони адæмон финсæг, Ким – философон наукити доктор, профессор, инæлар-майор, е 'фсæддон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй нерæнгæ дæр ма игъусуй цæмæдес хабæрттæ, æ наукон цæстингас дæр деси æфтауй наукон дуйне.

Кæронбæттæни ба ма мухур кæнæн Василийи æмгустгæнæг, Цæгат Иристони адæмон поэт Гуржибекти Ирини номерæн æмдзæвгæ.

После успешного выхода первого романа «Послы гор» в стенной газете объединённых редакций «Социалистическая Осетия» и «Рæстдзинад» появился дружеский шарж на Василия Цаголова со стихотворной подписью Музафера Дзасохова:

*Без особых на то усилий*
*Написал роман Василий.*

Проходивший мимо поэт Геор Кайтуков добавил:

– Хоть его об этом и не просили...

Кстати, Геору принадлежит и крылатая фраза: «Цаголовы, выше головы!..»

**Ирина ГУРЖИБЕКОВА**

### И СТРУИТСЯ СВЕТ...

*Памяти Василия Цаголова*

Две даты… Два брата в славе равны.
Но прости меня, Ким, я все же – про Васю…
Дни, часы моей журналистской весны
Он оживил и украсил.
Эта честность на фантазийной грани!
Эта смелость воина в мирные дни!
Эти шутки… Они все низкое ранили,
А высокому – жизнь продлевали они.
Зайдет в кабинет – и усталость смывает.
И думаю: пусть это дольше длится…
Ведь утром читатель газету листает:
– Ну где наш «Бибо»? На какой странице?
Не помню в грусти его и в печали.
И «мертвые» у него «вставали»…
Из дальних далей струит свой свет…
Прозаик – душой и сердцем поэт.



ЦÆГОЛТИ Ким



ЦÆГОЛТИ Ким (рахесæрдигæй) афгайнаг тугъди рæстæг.

АРФИАГ ГЪУДДАГ

## ФАРНÆ КА ХÆССУЙ, УОМÆЙ ГЪÆУАМА НÆ ДЗИЛЛÆ БОЗ УА !..

Нæ зундгонд поэт æма публицист Хидирти Ехйа е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Раст адæм, зæгъайтæ, 'ргом*
*Ке уи нæ фæндуй хуарз ун?*
*Марди дæр гъæуй хуарз ном,*
*Хуарзи ном æз дæр уарзун…*

Æма Ехйа æхуæдæг хуарз ракæнун уотид нæ уарзта, фал æ бон ци адтæй æма æ равгитæ куд амудтонцæ, уотæ архайдта æ уарзон дзиллæн бæлвурд арфиаг гъуддæгутæй хуарзи бацæунбæл. Уодуæлдайæй ба архайдта нæ адæми удварни хæзнатæ, нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнун æма æ райрæзти сæрбæлтау. Æма еци æмдзæвги раст цума æхе туххæй загъта:

*Куд хъиамæтгун лæг адтæ адæмбæл,*
*Куд син кодтай зæрдæй фуртеуæг.*
*Рабаргæй дин дæ уод удбарæнбæл,*
*Ку загъта дæ уæлмард уой еу лæг…*

Хидирти Ехйа абони, гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æй – фудбæлахи фудæй æ уæлзæнхон цардæй фæххецæн æй. Фал æ хъиамæттæ гъæуама иронх ма уонцæ.

Уотæ рауадæй, æма е 'сфæлдистадон хæзнадони ци æмдзæвгитæ, æндæр литературон æма публицистон æрмæгутæ бамбурд æнцæ, етæ цалдæр киунугей фагæ адтæнцæ, уæддæр ин уодæгасæй рауадзун бантæстæй æмдзæвгити еунæг æмбурдгонд «Есе».

Æма еци æнæрастдзийнадæ исраст кæнуни ихæс æхемæ райста Ехйайæн е 'нсувæр Мæхæмæти фурт Валерий. Уотемæй фæззиндтæй «Есе»-й нæуæг, хуæздæр фæлгонцгонд нæуæг рауагъд. Уой хуæдфæсте ба ма Валерийи фæрци дуйней рохс фæууидта Ехйай уадзимисти æнхæстдæр æмбурдгонд «Цæргæси астъонæ». Ес ма си æхе туххæй имисуйнæгтæ, æхе æма æ хеуæнтти берæ аллихузон къартæ. Киунуги туххæй бæлвурдæй нæ дзордзæнæн, уомæн ин аргъгæнæг уодзæнæнцæ киунугæкæсгутæ.

Æз ба уой зæгъуйнаг дæн, æма Хидирти Валерий, исаргъгæнæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн агъазиау арфиаг гъуддаг исаразта. Уой фæрци нæ дзилли хуарзæн æма амондæн æносонгонд æрцудæнцæ Ехйай фарнæхæссæг исфæлдистадæ, æ цардвæндаги хъиамæттæ.

Мæнæн ба аци киунуги фæззинд уæлдай æхцæуæн æй: аци бийнонти хæццæ хæстæгдзийнадæ æййафæн – Валерийи фидæ Мæхæмæти мадæ Зурмæхан æма мæн фидæ Авдрæхмани мадæ Адухæ хуæрзхуæртæ адтæнцæ.

Валерий, арфиаг уо, дæ цардæмбали хæццæ уæ кæстæрти амонд æма райдзастдзийнадæй зæрдрохс уотæ.

***ГЕРГИТИ Ермак***

**РЕДАКЦИЙÆЙ:**

*Нæ газеткæсæги арфитæмæ гæсгæ мах ба ма уой дæр зæгъуйнаг ан, æма Хидирти Валерий æй, нæ газетæн æновуд агъазгæнæг ка 'й, уонæй еу. Еудадзугдæр нæ газет æхе харзæй рафинсуй сæ гъæубæсти хестæртæн, фæккæсуйнагдæр бийнонтæн, газет есунцæ е 'мкосгутæ дæр. Æма си мах дæр уомæй хъæбæр арфиаг ан.*

Уæрæсей сувæллæнтти телеуинунади Бон бæрæггонд цæуй 18 январи.

